ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№187 (23.095) • 2015 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 26, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

# Егъэджэныгъэм и IуэхукIэ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий дыгъуасэ иригъэкIуэкIащ Iэтащхьэм деж мыхьэнэшхуэ зиIэ лъэпкъ проектхэмрэ демографие политикэмкIэ щыIэ советым и зэIущIэ. А зэIущIэм хэтащ КъБР-м федеральнэ инспектор нэхъыщхьэу щыIэ Канунников В.А., КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков А. ТI., егъэджэныгъэм пыщIа IуэхущIапIэ зэхуэмыдэхэм, район администрацэхэм я унафэщIхэр.**



- ЛЪЭПКЪ проектхэр убзыхуным куэдрэ дыщытепсэлъыхьащ зэIущIэхэм. Нобэрейр зытеухуар егъэджэныгъэращ. Абы ехьэлIауэ щыIэ къэрал, республикэ программэхэр дгъэзащIэмэ, арэзы укъэзыщI мардэ убзыхуам дытехьэфынущ. Илъэс къэс мылъку хухыдох еджапIэхэмрэ сабий садхэмрэ ухуэным, абы екIуалIэ сабийхэр транспорткIэ къызэгъэпэщыным, компьютер классхэр гъэтэмэмыным, еджакIуэхэм тхылъхэр яIэрыгъэхьэным. ЕгъэджакIуэхэм я улахуэри нэгъуэщI щIыкIэм тету ят хъуащ. Сабий зэчиифIэхэр утыку къишэным, абыхэм гъуэгу етыным теухуа лэжьыгъи йокIуэкI, сабий ныкъуэдыкъуэхэр я унэм щIэсу еджэныр къызэгъэпэща хъуащ. Ауэ егъэджэныгъэм ехьэлIа Iуэху зэIумыбзхэр ди мащIэкъым. Псалъэм папщIэ, зи бын сабий садым зыгъэкIуэну хуейхэм а Iэмалыр етыпхъэщ, егъэджакIуэхэм я щIэныгъэм хэгъэхъуэнри гулъытэ зыхуэщIыпхъэщ. Егъэджэныгъэм епхауэ диIэ ехъулIэныгъэмрэ дызыхунэмысамрэ зэпэтлъыту, ар зэредгъэфIэкIуэну Iэмалхэм дахуэкIуэн хуейщ, - жиIащ Iэтащхьэм.

ГъэсапIэхэр республикэм ис сабийхэм яхурикъуным папщIэ ялэжьхэр къигъэнэIуащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ - КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр **Емуз Нинэ**.

- «Электроннэ сабий сад» щIыналъэ хъыбарегъащIэ системэм къызэрибжамкIэ, 2015 гъэм илъэсищ ныбжьым нэмысауэ республикэм иIэщщ сабий 39970-рэ. Илъэси 3-м щегъэжьауэ илъэси 7-м нэс я ныбжьу - 49839-рэ. Псори зэхэту - 89809-рэ. Абыхэм ящыщу сабий садхэм йокIуалIэ илъэси 3-м нэс зи ныбжь сабий 5512-рэ, илъэси 3 - 7-хэм иту - 37413-рэ. 2015 гъэм къриубыдэу сабий садым кIуэну чэзум щытщ: илъэси 3-м нэс зи ныбжьхэу сабий 2256-рэ, илъэси 3 - 7-м иту - сабий 519-рэ. Абы къикIращи, сабийхэм я процент 75-р гъэсапIэхэм йокIуалIэ.

Емуз Нинэ жиIащ сабий сад щхьэкIэ чэзу пэмыплъэным теухуауэ лэжьыгъэ зэрекIуэкIыр. 2014 гъэм сабий 3175-рэ къащтащ. 2014 гъэм кърагъэжьауэ сабий садитI яухуэ: Кыщпэк къуажэм, сабии 140-рэ щIэхуэну, Май къалэм - 80-м ятещIыхьауэ. Нэгъабэ дыгъэгъазэм Яныкъуей къыщызэIуахащ сабий 50 зыщIэхуэ сабий сад. Прохладнэ къалэм щаухуэ сабий гъэсапIэр яухынущ 2015 гъэм къриубыдэу.

2015 гъэм республикэм и сабий садхэр егъэфIэкIуэным хухихащ сом мелуани 149-рэ мин 756, 6-рэ.

Гугъуехь куэд пылъщ сабий садхэр зытращIыхь щIым пыщIа дэфтэрхэм. Апхуэдэ Iуэху зэIумыбзхэм хэтщ Жэмтхьэлэ, Каменномост къуажэхэм щаухуа сабий садхэр - ахэр лэжьэну хуит ящIыныр судкIэ зэхагъэкI. УпщIэ куэд къегъэув уней сабий садхэр лицензэ ямыIэу лэжьэну законым хуит зэрищIыми. Республикэм иджыпсту щыIэщ апхуэдэ сабий сад 15-м нэблагъэ, - жиIащ абы.

КIуэкIуэ Юрий щIэупщIащ апхуэдэ садхэм я Iуэху зытетым, лицензэ ямыIэми щIэхъуну щхьэусыгъуэм.

- Абы щхьэхуэу дытепсэлъыхьащ, налог инспекцэми зыхуэдгъэзащ. «Уней хьэрычэтыщIэ» фIэщыгъэ щаIэм деж, лицензэншэу лэжьэну хуит мэхъу, - жиIащ Емузым.

Iэтащхьэм жиIащ апхуэдэ IуэхущIапIэхэм я бжыгъэр къэщIэным, я лэжьэкIэм кIэлъыплъыным икIэщIыпIэкIэ яужь ихьэн зэрыхуейр.

- Ди сабийхэр зэкIуалIэ IуэхущIапIэхэм я лэжьэкIэм, абы щыIэ гъэсакIуэхэр зыхуэдэм дыщыгъуэзэн хуейуэ къызолъытэ. Адэанэхэр дэ къытщогугъ я быныр ди нэIэ щIэтынымкIэ, атIэ ахэр дгъэщIэхъу хъунукъым. Iуэхур Правительствэм и къалэнхэм хэту къызолъытэ, - жиIащ КIуэкIуэ Юрий икIи министрым пщэрылъ щищIащ мазэм и кIуэцIкIэ Iуэхум и пэжыпIэм щигъэгъуэзэну.

- 2015 гъэм щIышылэм и 1-м ирихьэлIэу къызэрабжамкIэ, сабий садхэм щолажьэ гъэсакIуэ 4100-рэ. 2014 - 2015 гъэхэм ФГОС-м къигъэув курсхэм пхыкIащ абыхэм ящыщу проценти 83,7-р. 2015 гъэм къриубыдэу я щIэныгъэм хагъэхъуэнущ сабий садхэм я гъэсакIуэ 561-м,- пищащ министрым и псалъэм. - Сабий садхэр къэгъэщIэрэщIэжын, зехьэн Iуэхури къытпэщылъхэм ящыщщ. 2014 гъэм зэрахьащ IуэхущIапIэ 45-рэ, мы гъэм - 37-рэ.

Зи гугъу сщIа Iуэхугъуэу гъэзэщIэн хуейхэр хедгъэубыдащ 2015 - 2016 гъэхэм дызытелэжьэну ди мурадхэм.

ЕтIуанэу зэIущIэм щызэпкърахащ республикэм и егъэджакIуэ нэхъыфIхэр къыхэхыным, абыхэм ахъшэ саугъэтхэр яхуэгъэфэщэным теухуауэ екIуэкIа зэпеуэм кърикIуахэр. Емуз Нинэ къигъэнэIуащ ар зэрекIуэкIа щIыкIэр. Зэпеуэм щытекIуахэм ахъшэ саугъэт иратынущ: цIыхуиблым федеральнэ мылъкум къыхэкIыу дэтхэнэми сом мин 200, республикэ бюджетым къыхэкIыу егъэджакIуи 5 - дэтхэнэми сом мини 100. Зыхуэфащэ цIыхуипщIым сом мин 50 дэтхэнэми лъысу иратынущ.

- 2015 гъэм и мэкъуауэгъуэм и 10-м зэпеуэм хэтыну гупыж зыщIхэм дэфтэрхэр зэрыIах пIалъэр и кIэм нэблэгъащ. Зэпеуэм хэтащ егъэджакIуэ 30. Абыхэм ящыщу къалэ школхэм я егъэджакIуэу 14, къуажэдэсу 16. Мы зэпеуэр илъэси 8 хъуауэ йокIуэкI. Иужьрей илъэсхэм абы нэхъыбэу къыхыхьэ хъуащ щIалэгъуалэр, - жиIащ министрым. Абы къыхигъэщащ ЕгъэджакIуэхэм я махуэм ирихьэлIэу текIуахэм ахъшэ саугъэтхэр зэрыратыжынур.

КIуэкIуэ Юрий жиIащ республикэм ис егъэджакIуэ мини 9-м щIигъум ящыщу цIыху 30 фIэкIа зэпеуэм зэрыхэмыхьар зэрыфIэмытэмэмыр.

- Сыт хуэдэ щхьэусыгъуэми, Iуэхум зыгуэр щыщыIэщ. Сэ си фIэщ хъуркъым ди республикэм ис егъэджакIуэхэр ахъшэ хуэмейуэ. АфIэкIа зыхэмыхьэм зэпеуэкIэ уеджэнуи къезэгъыркъым, - жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэм.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ «ЩIалэгъуалэ зэчиифIэм къэралыр доIэпыкъу» Iуэхум.

- Ар йокIуэкI 2006 гъэ лъандэрэ. ЩIалэгъуалэ зэчиифIэм къэралыр дэIэпыкъун папщIэ, Iуэхум къыхалъхьэ ахэр дунейпсо, урысейпсо, республикэ зэпеуэхэм хэта -хэмытар. 2006 - 2014 гъэм къриубыдэу федеральнэ саугъэтым и лауреат хъуащ цIыху 267-рэ, - къигъэнэIуащ къэпсэлъам.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щыщакIуэ и щIыпIэхэм щэкIуэныр фIыуэ зылъагъухэмрэ ар спорт зэпеуэ зыхуэхъуахэмрэ щыщэкIуэну пIалъэхэм мардэ щахуэгъэувыным, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным я IуэхукIэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

«Псэущхьэхэм я дунейм и IуэхукIэ» Федеральнэ закон №52-ФЗ-уэ 1995 гъэм мэлыжьыхьым и 24-м къыдэкIам и 6-нэ статьям и етхуанэ абзацым «ЩэкIуэнымрэ къащэкIу къулеигъэхэр хъумэнымрэ икIи Урысей Федерацэм и хабзэгъэув акт щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным я IуэхукIэ» Федеральнэ закон №209-ФЗ-уэ 2009 гъэм бадзэуэгъуэм и 24-м къыдэкIам и 22-нэ статьям и 1-нэ, 2-нэ, 5-нэ пунктхэм япкъ иткIэ щакIуэ къулеигъэхэр яхъумэн икIи ахэр зэгъэзэхуауэ къагъэсэбэпын мурадкIэ:

1. ЩэкIуэныр фIыуэ зылъагъухэр, ар спорт зэпеуэ зыхуэхъуахэр хуит мыщIын:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщакIуэ и щIыпIэхэм 2015 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м къыщыщIэдзауэ 2018 гъэм дыгъэгъазэм и 31-р къэсыху бжьакъуэшхуэхэр зытет щыхьым щещэкIуэну;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщакIуэ и щIыпIэхэм 2016 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м къыщыщIэдзауэ 2018 гъэм дыгъэгъазэм и 31-р къэсыху щыхь къуэлэным щещэкIуэну;

Майский - Пришибо-Малкинский гъуэгумрэ Балъкъ псыр Тэрч псым хэлъэдэжыху Тэрч псым и Iуфэ сэмэгурабгъуэр къызэщIиубыдэу Май районым и гъунапкъэхэм, Белэ Речкэ щакIуэ участкэм и гъунапкъэхэм къащэкIу псэущхьэ лIэужьыгъуэ псоми 2015 гъэм фокIадэм и 15-м къыщыщIэдзауэ 2018 гъэм дыгъэгъазэм и 31-р къэсыху щещэкIуэну.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щыщэкIуэну пIалъэхэр мыпхуэдэу щыгъэувын:

кхъуэпIащэм - 2015 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м къыщыщIэдзауэ 2015 гъэм дыгъэгъазэм и 31-р къэсыху;

тхьэкIумэкIыхьым - 2015 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м къыщыщIэдзауэ 2016 гъэм щIышылэм и 31-р къэсыху.

3. Мы Указым къару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2015 гъэм фокIадэм и 14-м*
*№131-УГ*

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм гу зылъатапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зэIущIэр 2015 гъэм фокIадэм и 30-м КъБР-м и Парламентым и Унэм щекIуэкIынущ.

ЗэIущIэм щыщIидзэнур сыхьэти 10-рщ.

***КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.***

● ДАХ-м и тхьэмадэм и псалъэ

## ЕтIанэгъэ пIалъэ узыншэу фынэсыну

Ныбжьэгъу лъапIэхэ!

Дунейм муслъымэну тетым зэдагъэлъапIэ Къурмэн хьид махуэшхуэмкIэ сынывохъуэхъу! Къабзагъэр, гущIэгъур, гуапагъэр, гумащIагъэр зи лъабжьэ махуэ лъапIэм фIыгъуэ къыфхудэкIуэну, Iей фигу къэмыкIыу, ер зигу илъ цIыху фримыхьэлIэу етIанэгъэ пIалъэ узыншэу фынэсыну сыфхуохъуахъуэ!

Махуэ лъапIэм и пэ къихуэу Iуэхушхуэ зэфIэдгъэкIащ. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и X Конгрессыр къызэгъэпэщыным, егъэкIуэкIыным ехьэлIауэ дэIэпыкъуэгъу къытхуэхъуахэм, абы зи гуащIэ, зи псалъэ хилъхьэу къыткъуэувахэм фIыщIэ фхузощI. Мы махуэхэм Налшык щыIащ Тыркум, Сирием, Иорданием, Израилым, Германием, Голландием, Краснодар, Ставрополь крайхэм, Адыгей, Къэрэшей-Шэрджэс, Осетие Ищхъэрэ - Алание республикэхэм, нэгъуэщI щIыпIэхэм къикIа ди къуэшхэр. ДАХ-м и Зэхуэсышхуэми екIуу хэтри Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэри къыддаIэтащ. Лъэпкъым и къэкIуэнур зыубзыхури абы и лъабжьэр зыгъэбыдэри апхуэдэ зэкъуэтыныгъэмрэ зэкъуэшыныгъэмрэщи, ди зэкIэлъыкIуэнымрэ зэгурыIуэмрэ кIыхь Тхьэм ищI!

Пэжщ, щыIэщ ди Iуэху еплъыкIэ щызэтемыхуи, апхуэдэхэм деж, зэрыжаIэщи, дызэрыIуэтурэ Iуэхум хэкIыпIэ къыхудогъуэт. ДАХ-м хэт дэтхэнэ зыми, адыгэгу зиIэ дэтхэнэ ди къуэшми и псалъэм ди дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ.

И зэманым щымысхьу, гъуэгуанэр къемыхьэлъэкIыу лъэпкъ зэхыхьэм хэта дэтхэнэ зыми я жьэгум берычэтыр дэмыкIыу, махуэ лъапIэм фIыгъуэ къахудэкIуэу псэуну сахуохъуахъуэ! ЗэфIэдгъэкIа Iуэхум, Къурмэн махуэ лъапIэм папщIэ къыдэхъуэхъуа псоми фIыщIэ фхузощI. Тхьэм фригъэфIакIуэ!

**Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий.**

● Ди хьэщIэщым

## Кайя Ялчын КъБР-м зыщеплъыхь



**Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд деж дыгъуасэ щыхьэщIащ Тыркум къикIа ди лъэпкъэгъухэмрэ абыхэм я ныбжьэгъухэмрэ.**

АДЫГЭ Iуэхум жыджэру хэт Iэдэмей Хьикмэт, Елъыхъу Исмэт сымэ къыздашащ тырку тхакIуэ цIэрыIуэ, шэрджэсхэм ятетхыхьа Кайя Ялчынрэ Истамбыл дэт тхылъ тедзапIэхэм ящыщ зым и унафэщI, абазэ щIалэ КIуэкIуэ Эрканрэ.

ХьэфIыцIэм хьэщIэхэм яхуиIуэтащ хэкурыс адыгэхэм нобэ я псэукIэр, «Адыгэ псалъэ» газетым и Iуэху зыIутыр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым хуабжьу зи нэ къыхуикIыр, томищ хъу «Шэрджэсхэр» тхылъхэр зи Iэдакъэ къыщIэкIа Кайя Ялчынти, махуэ зыбжанэ хъуауэ ди щIыпIэ дахэхэм зыщеплъыхь. «Дунейм и дахагъым, хьэуам и къабзагъым нэмыщI, хуабжьу сигу ирихьащ КъБР-м щыпсэу цIыхухэр. Абыхэм я нэгур зэIухащ, хьэщIэкIэ фIыщ, гуапэхэщ. Сэ сызытетхыхьа пасэрей хабзэжьхэр зэрыщытауэ къахэмынами, адыгэ хабзэр зэрахэлъыр къапщIэу цIыхухъуи цIыхубзи зэпIэзэрытщ, гуакIуэхэщ», - къыддэгуэшащ тырку тхакIуэр.

Ди лъэпкъэгъухэри абыхэм я гъусахэри къызэрыддэгуэша гупсысэхэр ди газетым и къыкIэлъыкIуэ къыдэкIыгъуэхэм ящыщ зым къытеддзэнщ.

**КЪЭБАРТ Мирэ.**

*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

## Мы махуэхэм

**ФокIадэм и 26,** *щэбэт*

♦**Ядернэ Iэщэр гъэкIуэдыжыпэным щIэбэныным и дунейпсо махуэщ**
♦**НэгъуэщI къэралыбзэхэм я европэпсо махуэщ**
♦**Молдовэм щагъэлъапIэ анэшхуэхэм я махуэр**
♦**США-м щакIуэхэмрэ бдзэжьеящэхэмрэ я махуэр щагъэлъапIэ**
♦Смоленск къалэм и лъабжьэр зэрагъэтIылърэ илъэс 1152-рэ ирокъу.
♦Темрюк къалэр илъэс 459-рэ ирокъу.
♦Краснодар ухуэн зэрыщIадзэрэ илъэс 222-рэ ирокъу.
♦1941 гъэм Налшык щекIуэкIащ республикэм и парт активым и зэIущIэ. Абы щытепсэлъыхьащ цIыхухэр зауэ Iуэхухэм хуегъэджэным.
♦Урыс еджагъэшхуэ-физиолог, Нобель и саугъэтым и лауреат **Павлов Иван** къызэралъхурэ илъэси 166-рэ ирокъу.
♦Вахтанговым и цIэр зезыхьэ театрым и актрисэ, УФ-м и цIыхубэ артисткэ **Максаковэ Людмилэ** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.
♦УсакIуэ, публицист, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ лэжьакIуэ **Джэрыджэ Арсен** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.
♦Украинэм и президент **Порошенкэ Пётр** и ныбжьыр илъэс 50 ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 23-рэ, жэщым градус 14 - 15 щыхъунущ.

**ФокIадэм и 27,** *тхьэмахуэ*

♦**Туризмэм и дунейпсо махуэщ**
♦**Зэхэзымыххэм я дунейпсо махуэщ**
♦**ГъэсакIуэмрэ зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэр щапIIуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэмрэ я махуэщ**
♦**Машинэухуэм и махуэщ**
♦**КъуэкIыпIэ Жыжьэм щагъэлъапIэ къаплъэным и махуэр**
♦Балашов къалэр илъэс 235-рэ ирокъу.
♦1783 гъэм тенджыз ФIыцIэм техьащ Урысей флотым и япэ кхъухьыр – «Екатеринэ и щIыхьыр» зыфIащар.
♦1801 гъэм Александр Езанэр ирагъэплъащ япэ лъакъуэрыгъажэм. Дунейм щыяпэу ар зэпкърилъхьат Артамонов Ефим.
♦1825 гъэм Инджылызым япэ гъущI гъуэгу щатащ.
♦1942 гъэм ВКП(б)-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым унафэ къищтащ республикэм зыхъумэжыныгъэмкIэ гупхэр къызэгъэпэщын хуейуэ.
♦1960 гъэм Останкинэ телечэщанэр ухуэн щIадзащ.
♦1990 гъэм Совет Союзыр Интерполым - уголовнэ полицэм и дунейпсо зэгухьэныгъэм - хыхьащ.
♦Филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, литературовед, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Хьэщхъуэжь Раисэ** къызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокъу.
♦Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Къущхьэбий Анзор** и ныбжьыр илъэс 50 ирокъу.
♦Модельер, адыгэ фащэхэр дыным хуэIэкIуэлъакIуэ, химие щIэныгъэхэм я кандидат **ХьэцIыкIу Мадинэ** къыщалъхуа махуэщ.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 24-рэ, жэщым градус 14 - 17 щыхъунущ.

**ФокIадэм и 28,** *блыщхьэ*

♦**Адыгэ фащэм и махуэщ**
♦**Хьэщхьэрыхэ узым ебэныным и дунейпсо махуэщ**
♦**Атом промышленностым и лэжьакIуэм и махуэщ**
♦**Урысейм щагъэлъапIэ генеральнэ директорым и махуэр**
♦1618 гъэм дунейм щыяпэу Брюссель къыщызэIуахащ ломбард.
♦1773 гъэм Пугачев Емельян зи пашэ мэкъумэшыщIэ зауэм щIидзащ.
♦1953 гъэм КПСС-м и ЦК-м и Япэ секретару хахащ Хрущёв Никитэ.
♦2010 гъэм УФ-м и Президент Медведев Дмитрий Iэ щIидзащ Москва къалэм и Iэтащхьэ Лужков Юрий дзыхь зэрыхуамыщIыжым къыхэкIыу и къулыкъум къытегъэкIыным теухуа унафэм.
♦Урысейм и Правительствэм и УнафэщIу щыта **Черкасский Алексей** къызэралъхурэ илъэс 335-рэ ирокъу.
♦Италием щыщ актёр цIэрыIуэ **Мастрояни Марчеллэ** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.
♦ Конструктор-модельер, АР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **СтIащ Юрий** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.
♦Жылагъуэ лэжьакIуэ, КъБР-ми КъШР-ми щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, Дагъыстэнми Ингушми гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, педагогикэ щIэныгъэхэм я кандидат, ЩIДАА-м и член-корреспондент **Бетыгъуэн Iэуес** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 18 - 25-рэ, жэщым градус 15 - 18 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**ШыфIыр ныбжьэгъуфIым хуэдэщ.**

## ТхакIуэ щэджащэ

**Псэужамэ, и ныбжьыр илъэси 100 ирикъунут Адыгей Республикэм и цIыхубэ тхакIуэ Еутых Аскэр Къадырбэч и къуэр.**



ЕУТЫХ Аскэр 1915 гъэм фокIадэм и 25-м Адыгей Республикэм и Красногвардейскэ районым хыхьэ Хьэтыкъуей къуажэм къыщалъхуащ. 1928 гъэм ар щIэтIысхьащ Адыгей педагогикэ техникумым, иужькIэ Краснодар дэт педагогикэ институтри къиухыжащ. 1936 - 1938 гъэхэм Еутыхыр Адыгейм БзэмкIэ, литературэмрэ тхыдэмкIэ и щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэу, 1939 гъэм щегъэжьауэ 1941 гъэ пщIондэ ар Москва щылэжьащ, театр гъуазджэмкIэ къэрал институту Луначарский А.В. и цIэр зезыхьэм щыIэ Адыгей студием и егъэджакIуэ-чэнджэщакIуэу.

Еутых Аскэр Хэку зауэшхуэм хэтащ. Абы къыхуагъэфэщащ Хэку зауэ орденым и II нагъыщэр.

Абы и тхыгъэхэр дунейм къытехьэн щIидзащ 1935 гъэм щегъэжьауэ. Еутыхыр бзитIымкIи - урысыбзэкIи адыгеибзэкIи - фIы дыдэу зэхуэдэу тхэрт. Ар 1938 гъэм СССР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хагъэхьащ.

Абы и япэ усэ тхылъыр - «Тимафэхэр» («Наши дни») фIэщыгъэр зиIэр - 1938 гъэм дунейм къытехьащ. Абы къыкIэлъыкIуащ и рассказхэр зэрыт «КIочIэ ин» («Большая сила», 1939) тхылъыр, усэхэмрэ поэмэхэмрэ щызэхуэхьэса «ЩыIэкIакI» («Новая быль», 1940) къыдэкIыгъуэр, «Сшынахьыжъ» («Мой старший брат», 1941) лирикэ повестыр. Мейкъуапэ, Краснодар, Москва къыщыдэкI «Огонёк», «Знамя», «Новый мир» журнал цIэрыIуэхэми урысыбзэкIэ итха и IэдакъэщIэкIхэр щIэх-щIэхыурэ къытехуэрт. Апхуэдэу урысыбзэкIэ тхылъ щхьэхуэу Москва къыщыдэкIащ «Улица во всю ее длину» (1965), «Двери открыты настежь» (1973), «Глоток родниковой воды» (1977), «Баржа» (1983) романхэр.

## Стадион щаухуэ

**Бахъсэн щIыналъэм хыхьэ ПсыкIэху къуажэм иджырей футбол джэгупIэ щаухуэ. Ар спорт зэпеуэхэр, щэнхабзэ Iуэхугъуэхэр щрагъэкIуэкI щIыпIэ хъунущ.**

«2014 - 2017 гъэхэм, апхуэдэу 2020 гъэ пщIондэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуажэхэм зэрызаужьынур» федеральнэ программэ хэхам хыхьэу, федеральнэ, республикэ бюджетхэм ящыщу сом мелуани 2,6-рэ абы хухахащ.

Ухуэныгъэм и лъабжьэр ягъэхьэзыращ, тетIысхьэпIэхэр ягъэуvауэ, псэуалъэхэм йолэжь.

«Шэджэм ДРСУ» подряд организацэм мы илъэсым и кIэм ухуэныгъэщIэр итынущ.

***Бахъсэн муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и пресс-IуэхущIапIэ.***

Махуэгъэпс ■ ХъыбарыщIэхэр

КЪЭБЭРДЕЙ

Тхыдэ ■ Малъхъэдис

● Футбол

## Кубокым къыщыхагъащIэ

Урысей Федерацэм футболымкIэ и кубокыр къэхьыным теухуауэ екIуэкI зэхьэзэхуэм и финалым и 1/16-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ «Спартак-Налшыкым» вэсэмахуэ кърригъэблэгъат премьер-лигэм хэт Пермь и «Амкар»-р. ХьэщIэхэр 2:0-у текIуауэ джэгур иухащ.

ЗэIущIэр зэрекIуэкIам теухуа тхыгъэ ди газетым тетынущ.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

## Фыдогъэблагъэ!

**Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гуп.**
**ЕпщыкIузанэ джэгугъуэ**
**«Спартак-Налшык» - «Краснодар-2»** *(Краснодар)*
***Налшык. «Спартак» стадион. ФокIадэм и 28.***
***Сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-м.***

● КъБР-м и Правительствэм

# КъэкIуэну илъэсищым зыхуагъэхьэзыр

**КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ**I **Мусуков Алий иригъэкIуэкIащ зи чэзу зэIущIэ.**

АБЫ щагъэбелджылащ республикэм и цIыхухэм бгъэIэпхъуэ мыхъу мылъкум техьэу ят налогым и мардэщIэхэм 2016 гъэм щIышылэм и 1-м хуэкIуэныр.

- А налогыр республикэм и цIыхухэм къатехьэлъэну си гугъэкъым. Сыту жыпIэмэ, апхуэдэ налогым къэралым хигъэхъуэну хуиткъым нэхъапэм иту щытам процент 20 нэхърэ нэхъыбэкIэ. Псалъэм и хьэтыркIэ, сом 1000 иту щытамэ, иджы нэхъыбэ дыдэу сом 1200-рэ итыну аращ», - жиIащ Правительствэм и УнафэщIым. **Мусуков Алий** зэрыжиIамкIэ, мы зэманым налог ят республикэм и объект мин 200-м щIигъум.

«2016 гъэм, 2017 - 2018 илъэсхэм хуэгъэфэщауэ КъБР-м социально-экономикэ зыужьыныгъэу игъуэтынкIэ хъунур» проектым тепсэлъыхьащ КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Бэждыгъу Темыркъан**. Къэпсэлъам къызэрыхигъэщамкIэ, ар зэхагъэуващ 2014 гъэм республикэм и экономикэр зыхуэдам, 2015 гъэм къигъэлъэгъуэну зытращIыхьхэм ятеухуауэ.

- Дэфтэрыр дгъэхьэзыращ республикэм и экономикэм зиужьын, цIыхухэм я псэукIэр ефIэкIуэн папщIэ. Дгъэбелджылахэр тхуэгъэзащIэмэ, 2015 гъэм ди щIыналъэм къыщалэжь псоми (ВРП) хэхъуэнущ процентитI 103,3-кIэ, ахъшэкIэ - сом меларди 132-рэ хъунущ ар. Программэм къриубыдэ пIалъэр и кIэм щынэблагъэм ирихьэлIэу процент 19,7-рэ хуэдизкIэ хэхъуэнущ къыщIэдгъэкI хьэпшыпхэм я лIэужьыгъуэм. Абы къыщIэкIынущ сом меларди 181,4-рэ. Промышленностым къыхэхъуэнущ сом мелард 35,4-рэ, мэкъумэш IэнатIэм - сом меларди 7,3-рэ, ухуэныгъэм - сом меларди 5,1-рэ, сатум - сом мелард 51,6-рэ.

КъБР-м и экономикэмрэ социальнэ щытыкIэмрэ зегъэужьыным 2016 гъэм халъхьэнущ инвестицэу сом мелард 34-рэ. 2018 гъэм республикэм къыщалэжьыну лым хэхъуэнущ процент 23,2-кIэ. 2018 гъэм спирту къыщIагъэкIынущ литр мелуани 9-рэ мин 400-рэ. Илъэс дызэрытым инвестицэ проект зыбжанэм долэжь.

Бэждыгъур тепсэлъыхьащ цIыхухэм я щыIэкIэ-псэукIэр егъэфIэкIуэным теухуауэ екIуэкI лэжьыгъэм. Зытепсэлъыхь пIалъэм къриубыдэу хьэзыр хъунущ ныбжьыщIэ 570-рэ зыщIэхуэн школ, сабий 620-рэ зыщIэхуэн сабий сад. Республикэм и къуажэ пхыдзахэм газ яшэнущ. Республикэм хьэрычэт Iуэху цIыкIумрэ ику итымрэ зыщрагъэужьынущ. 2016 гъэм хьэрычэт цIыкIум и IуэхущIапIэ 4358-рэ, 2018 гъэм - 4511-рэ щыIэнущ. Къэпсэлъам къыхигъэщащ республикэм щыIэ лэжьыгъэ IэнатIэхэми къахэзэрыхэхъуэнур.

Социально-щэнхабзэ, коммунальнэ IуэхущIапIэхэр зыхуэдэн хуейр убзыхуным, инвестицэ зыхэлъ проектышхуэхэм хухахыну щIы Iыхьэхэр ящэну япэщIыкIэ къамыгъэлъагъуэу, бэджэнду тыным ятеухуа проектыр къигъэнэIуащ КъБР-м щIымрэ мылъкумрэ я Iуэхухэмкlэ и министр **Бышэн Азрэт**.

КъБР-м и къэрал мылъкум щыщу социальнэ мыхьэнэ зиIэ IуэхущIапIэ зыбжанэ районхэм етыжыным тепсэлъыхьащ министрыр.

- Лэскэн щIыналъэм и мылъкум хабжэнущ Анзорей дэт школ №1-р. Прохладнэ къалэм и мылъку мэхъу абы дэт сабий садыр. Дзэлыкъуэ районым и мылъкум хиубыдэнущ Сэрмакъэрэ Малкэрэ Физическэ щэнхабзэмрэ узыншагъэм кIэлъыплъынымкIэ я IуэхущIапIэхэр, - жиIащ Бышэным.

2015 - 2018 гъэхэм къриубыдэу КъБР-м унагъуэм щигъуэтыну къэрал гулъытэм тепсэлъыхьащ КъБР-м лэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэхэмкIэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министр **Тюбеев Альберт**. Ар нэхъыбэу зытеухуауэ щытынур сабийхэм я гъэсэныгъэмрэ я узыншагъэмрэ езыгъэфIакIуэ Iуэхухэрщ.

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ - КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр **Емуз Нинэ** тепсэлъыхьащ сабий садхэм адэ-анэхэм щIат уасэм и Iыхьэ пыухыкIа етыжыным теухуауэ КъБР-м и Правительствэм игъэхьэзыра унафэм и проектым.

- А проектыр УФ-мрэ КъБР-мрэ егъэджэныгъэмкIэ я законхэм тету дгъэхьэзыращ. Адэ-анэхэм я сабийм зэрыкIэлъыплъым щIат пщIэр сом 800 мэхъу. 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 24-м къыдэкIа КъБР-м и Закон №23-м егъэбелджылы адэ-анэхэм я лэжьапщIэм елъытауэ ядэIэпыкъуныр. А уасэм япэ сабийм папщIэ процент 20, етIуанэм щхьэкIэ - 50, ещанэм - 70 кIэрагъэху. Апхуэдэу дэIэпыкъуу республикэм иIэщ сабий мин 43-рэ. Илъэс къэс абы папщIэ мылъку къыхухагъэкI республикэм и бюджетым. Мы гъэм абы хухахащ сом мелуани 102-м щIигъу, - жиIащ Емуз Нинэ.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

# ЗэгурыIуэр щынафэм щIегъанэри...

**Блыщхьэ кIуам, фокIадэм и 14-м, и пщэдджыжьым профессор Нэхущ Iэдэм Iэмал игъуэтакъым илъэс 20-кIэ щылэжьа и пэшым щIыхьэну. Ар къигъэуIэбжьащ и цIэр пэшыбжэм зэрытемытыжми абы хэлъ Iункlыбзэр зэрахъуэжами. Къэхъуам щыщIэупщIэм, Нэхущым къыжраIащ и хьэпшып псори гъунэгъу пэшым зэрагъэIэпхъуар...**

ФИЗИКО-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и Президент, Естественнэ ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей академием, ЩIэныгъэмрэ Гъуазджэмрэ Петровскэ академием я действительнэ член, ЩIэныгъэхэмкIэ, Технологиемрэ IэщIагъэ езыт егъэджэныгъэмкIэ Испан академием щIыхь зиIэ и академик, ЩIэныгъэхэмкIэ Абхъаз академием щIыхь зиIэ и член, УФ-м, КъБР-м, КъШР-м, АР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ Нэхущ Iэдэм Мэрем и къуэр и IэдакъэщIэкIхэмкIэ ди республикэмрэ Урысей Федерацэмрэ я мызакъуэу, щIыналъэ, къэрал куэдым къыщацIыхуащ.

Гъунэ зимыIэ и щIэныгъэр и лъабжьэу лэжьыгъэ купщIафIэ куэд зэфIигъэкIащ Iэдэм. Зеикъуэ курыт школым егъэджакIуэу къыщыщIидзэри, и щIэныгъэмрэ IэщIагъэмрэ хигъахъуэурэ, профессор хъуащ, КъБКъУ-м физикэмрэ математикэмрэ зэрыщрагъэдж щIыкIэм зегъэужьыным и гуащIэ куэд хилъхьащ.

Ди къэралым, хамэ щIыналъэ куэдым я щIэныгъэ центрхэм щылажьэ IэщIагъэлI цIэрыIуэхэр зэщIэзыгъэуIуа математикэ школ ин къызэригъэпэщащ Iэдэм. ЩIэныгъэлI щыпкъэм, унэтIакIуэ IэкIуэлъакIуэм и гъэсэн куэд щолажьэ Узбекистаным, Къэзахъстаным, нэгъуэщI хамэ къэрал куэдым, щIэныгъэлI лъэрызехьэ хъуахэу. Къыхэбгъэщмэ, абы иригъэджахэр цIыху 50 мэхъу. Абыхэм ящыщу 10-р математикэ щIэныгъэхэм я докторщ, адрейхэр кандидатщ.

А Iуэхугъэ щхьэпэхэм къадэкIуэу, Нэхущым къызэригъэпэщащ къэхутэныгъэ купщIафIэ куэд ноби щызэфIах институт щхьэхуэ. Мы гъэм илъэс 24-рэ ирикъуащ Нэхущым Прикладной математикэмрэ автоматизацэмкIэ институтыр къызэрызэIуихрэ. 1991 - 2010 гъэхэм ар щытащ а щIэныгъэ IуэхущIапIэм и унафэщIу. Илъэс зыбжанэ ипэкIэ унафэщI къулыкъур зыщхьэщихащ Нэхущым. Мы зэманым ар институтым и къудамэхэм ящыщ зым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщхьэщ.

Гулъытэншэу къэнакъым Нэхущым и зэфIэкI къызэрымыкIуэхэр. Урысей щIэныгъэм псэ хьэлэлкIэ зэрыхуэлэжьам папщIэ абы къыхуагъэфэщащ РАН-м, КъБР-м, КъШР-м, АР-м я правительствэхэм, парламентхэм къабгъэдэкI щIыхь тхылъхэр, КъБР-м и Президентым и ЩIыхь тхылъыр, Зэныбжьэгъугъэм и орденыр, ДАХ-м «Лъэпкъым къыбгъэдэкI фIыщIэ» и дамыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэр, нэгъуэщI куэди.

ЩIэныгъэлI цIэрыIуэр блыщхьэ кIуам зыIууа Iуэху мыщхьэпэм тепсэлъыхьу Iэдэм ипхъу, физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, Прикладной математикэмрэ автоматизацэмкIэ институтым 2010 - 2015 гъэхэм и унафэщIу щыта Нэхущ Викторие жеIэ и адэм и хьэпшыпхэр езыр щымыIэу нэгъуэщI щыпIэ зэрахьар и жагъуэ зэрыхъуар. КъызэрыщIэкIамкIэ, мы зэманым институтым и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Алиханов Анатолий фокIадэм и 11-м унафэ къыдигъэкIащ Нэхущ Iэдэм и хьэпшыпхэр гъунэгъу пэшым гъэIэпхъуэн, езы Iэдэми зыщIэса пэшыр блыщхьэм сыхьэти 10-м ирихьэлIэу хуит щIын зэрыхуейм ятеухуауэ. АрщхьэкIэ, езым ищIа унафэм къыщыгъэлъэгъуа махуэмрэ сыхьэт бжыгъэмрэ къызэпиудри, Алихановым фокIадэм и 11-м сыхьэт 17-рэ дакъикъэ 35-м акт игъэхьэзыращ, Нэхущыр зыщIэса пэшыр езымрэ институтым и нэгъуэщI лэжьакIуиплIымрэ къызэраплъыхьамрэ абы щIэлъа хьэпшыпхэр къанэ щымыIэу кабинет №11-м зэрагъэIэпхъуамрэ иту.

«Институтым и унафэщIым и пэшыр Нэхущым хуит къищIын хуеящ иджыри мазаем и 26-м. Нэхущ Iэдэм пщIэшхуэ зэрыхуэсщIым къыхэкIыу, сэ сежьащ ар езыр-езыру пэшым къыщIэкIыным. Сэ мазийкIэ сыщIэсащ институтым и езанэ къатым хэт пэшым, унафэщIыр и кабинетым щылэжьэн хуейми. Нэхущыр здэдгъэIэпхъуа пэшым Iэмал псори щыIэщ, щIэныгъэлI щыпкъэр, цIэрыIуэр тэмэму лэжьэн папщIэ. Пэшыр и инагъкIэ Iэдэм ипэкIэ зыщIэсам хуэдэщ, зыщыбгъэпсэху хъуни къыпыту, - жеIэ Алихановым. - Лэжьыгъэр лэжьыгъэщ. Зы унафэщIыр IуокIри адрейр абы и пIэм йоувэ - аращ хабзэр. Институтыр уи уней мылъкуу къэплъытэныр сфIэтэмэмкъым».

«ЗэгурыIуэр щынафэм щIегъанэри, зэгурымыIуэр выфэми щIихъумэркъым», - жеIэ ди адыгэ псалъэжьым. ЩIэныгъэлI цIэрыIуэри, абы и унагъуэри, институтым и лэжьакIуэхэри иджыпсту зыгъэпIейтея къэхъукъащIэр нэхъ екIуу зэфIахын хуеящ, нэгъуэщI хэкIыпIэхэр къагъуэту, утыку Iуэхуи ямыщIу.

**ТАМБИЙ Линэ.**



● ФокIадэм и 27-р Туризмэм и дунейпсо махуэщ

# ЩIыхухэр нэхъ гъунэгъу зэхуещI

**Узыхуейр умыщIэжу щхьэукъуэрилэ ухъуарэ дунейм утезашэу щIэбдзамэ, уи псэм и хущхъуэгъуэри зыхуэчэму къилъыхъуэри щIэщыгъуагъэкIэ гъэнщIа, зыхимыщIыкIыу щытам лъэзыгъэIэс гъуэгуанэ телъыджэрщ, укъыщыщIидз щIыпIэхэм къыщыпхукъуэкI теплъэгъуэхэмрэ уи нэгу зезыгъэужь къэунэхуныгъэхэмрэ гу зэIухакIэ уазэрыпэджэжырщ.**

ИДЖЫРИ къыздэсым узыщымыгъуазэрэ къыплъэмыIэсыщэу къекIуэкIа щыIэкIэ-псэукIэхэм, ипэкIэ уздэщымыIа щIыпIэхэм зекIуэ гъуэгуанэм ущыхуашэкIэ, укъыздыщыщIидзам, «уарэ, аргуэру сыкъэпсэужаи!» жыуигъэIэу, зэщIэнауэ щыта уи Iэпкълъэпкъри къыщызэщоуж, уи псэри тыншыгъуэ гуэрым щыхешэж. Абы къыдэкIуэуи, пIейтеиныгъэ хьэлэмэтхэр зыхэзыщIэ уи гум и къеуэкIэм арэзы укъиищIрэ къэщIыгъэм и IэфIыгъэр зыхэпщIэу, уи псэм и зы дэтхэнэ къуэгъэнапIэми (дурэшми, плIанэпэми) къаруущIэ къызэрыхыхьэжыр къапщIэу, нэхугъэм зыхубошииж.

Гукъыдэжыр къэзыIэт зэхъуэкIыныгъэ телъыджэхэм я къежьапIэри, гум апхуэдэ псэхугъуэ къыхэзылъхьэжри зекIуэ гъуэгуанэм къыщыбдэунэху теплъэгъуэхэм нэ щIэщыгъуэкIэ уазэрыIуплъэрщ, умыцIыхуу щытам «сыкъызэфIигъэщIэнущ» хужумыIэу, «къоджам» узэрыпэджэжырщ. Апхуэдэ нэщэнэр хахуагъэм, лIыгъэм и зы къэкIуэгъуэуи къалъытэ.

Туризмэм и дунейпсо махуэр, фокIадэм и 27-р, ЩIы хъурейм и щIыпIэ куэдым 1980 гъэм къыщыщIэдзауэ щагъэлъапIэ. 1983 гъэ лъандэрэ а махуэм гулъытэ хэIэтыкIа ди къэралми щыхуащI. УФ-м и къалэ куэдым абы теухуа гуфIэгъуэ Iуэхугъуэхэр щекIуэкIынущ, щIыпIаплъэхэр щызэхуэзэнущ, фестивалхэр щызэхашэнущ, зыгъэпсэхупIэхэм я лэжьакIуэхэр щызэIущIэнущ.

Туризмэм гулъытэ хэха хуэщIыным-кIэ щыIэ жэрдэмхэм япкъ иту япэ унафэр къыщащтауэ щытар 1979 гъэм фокIадэм и 27-ращ. А махуэм Дунейпсо турист зэгухьэныгъэм и Генеральнэ Ассамблеем и зэхыхьэ Испанием и Торремолино къалэм щекIуэкIат.

Туризмэм и махуэм щIыпIэ зэхуэмыдэхэм щыпсэу цIыхухэр нэхъ гъунэгъу зэхуещI, щызэIущIэкIэ щIыуэпсым хуэсакъын, абы и хъугъуэфIыгъуэхэм гулъытэ хэIэтыкIа яхуэщIын зэрыхуейм ирегъэгупсыс, дунейпсо экономикэм зиужьынымкIэ къыкъуэкI IэмалыщIэхэм щытопсэлъыхь. ЩыIэщ туризмэр IэнатIэ зыхуэхъуа, и гъащIэм и купщIэ нэхъыщхьэу къэзылъытэ цIыхухэри.

Дызэрыщыгъуазэщи, иужьрей зэманым туризмэм щIэгъэхуэбжьауэ зыщиужь къэралхэм Урысей Федерацэри ящыщщ. ТуризмэмкIэ къэрал комитетым илъэс зыбжанэ хъуауэ ирегъэкIуэкI «Урысейм и щIыналъэхэр - Мэкуу зэгурыIуэныгъэ» проектыр пхыгъэкIыным теухуа лэжьыгъэшхуэ. Къэбэрдей-Балъкъэрыр ящыщщ абы и Зэзыгъэу Iу Советым хэт субъект 13-м. Ди щIыналъэм и щIыпIэ дахэхэм, зыгъэпсэхупIэщIэу къыщызэIуаххэм ятеухуа документальнэ фильм комитетым игъэхьэзыращ. Абы и фIыгъэкIэ Урысейм и цIыхухэм щыгъуазэ зыхуащIыфынущ ди лъахэм и щIыуэпсым и телъыджапIэхэм, узыншагъэр егъэфIэкIуэным теухуауэ республикэм щыIэ Iэмалхэм, нэгъуэщIхэми.

*Тхыгъэри сурэтри* **КЪУМАХУЭ Аслъэн** *ейщ.*

● Пщэдей Машинэухуэм и махуэщ

# ТекIуэныгъэр зыпсыхьа IэнатIэ

ПщIэ зыхуащI машинэухуэхэ, ныбжьэгъу лъапIэхэ!

Урысейм и Машинэухуэхэм я зэгухьэныгъэм и цIэкIэ, апхуэдэу си щхьэкIэ си гум къыбгъэдэкIыу сынывохъуэхъу.

Машинэухуэ IэнатIэр къэралым и экономикэмрэ и лъэщагъымрэ я лъабжьэщ. Индустриализацэм и зэманым зэтеува а IэнатIэм Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэр щипсыхьащ, хьэршымрэ ядернэ Iэщэмрэ къэгъэIурыщIэныр къызэригъэпэщащ.

Ар я фIыщIэщ къалэн гугъу дыдэхэм пэлъэщу, я щIэныгъэмрэ я опытымрэ зэIэпахыу къэгъуэгурыкIуэ урысей машинэухуэ къэмылэнджэжхэм.

Творческэ зэфIэкI къагъэлъагъуэу, жэуаплыныгъэ яхэлъу нобэрей щIэблэри Iуэхум пэрытщ. Экономикэ зыужьыныгъэр зэтраIыгъэн, щIыуэпс гъэтIылъыгъэхэм я уасэр ираудыхын щхьэкIэ, санкцэхэр къыщыдащIылIа мы зэман гугъум абы мыхьэнэшхуэ иIэщ. НэгъуэщI къэралхэм щащIхэм япэхъуну хьэпшыпхэр къыщIагъэкIын папщIэ, предприятэхэм я технологие лъабжьэхэр егъэфIэкIуэным пыщIа лэжьыгъэхэр ди машинэухуэхэм псынщIэу зэрызэфIахынум шэч къытесхьэркъым.

А къалэнхэр зригъэхъулIэн щхьэкIэ, Урысейм и Машинэухуэхэм я зэгухьэныгъэм убзыхуауэ икIи ерыщу къэралым, IуэхущIапIэхэм, граждан обществэм и институтхэм я зэфIэкIым хигъэхъуэнущ, ардыдэмкIи Хэкум и къэкIуэнум лъабжьэ быдэ хуэхъун хуэдэу, къэралым и машинэухуэ IэнатIэм ехъулIэныгъэкIэ зригъэужьынущ.

Хэкум и машинэухуэ IэнатIэм зегъэужьыным и Iуэхум ехъулIэныгъэ къыщыфхьыну, фи мурадхэм фазэрылъэIэсыну фIэщхъуныгъэрэ гушхуэныгъэрэ къыфлъыкъуэкIыну сынывохъуэхъу. Фэри фи Iыхьлыхэми дэрэжэгъуэ, насып, узыншагъэ фиIэну си гуапэщ.

**ЧЕМЕЗОВ Сергей,**
*Урысейм и Машинэухуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI.*

● Хъыбар гуапэ

# Тхылъ тедзапIэхэр ягъэлъапIэ

**Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ федеральнэ IуэхущIапIэм (Роспечать) Урысейм тхылъ нэхъыфIу къыщыдэзыгъэкIхэр щIыхь тхылъхэмкIэ игъэпажащ.**




АПХУЭДЭ гулъытэр ялъысащ Москва, Санкт-Петербург, Екатеринбург, Новгород Ищхъэрэ къалэхэм, Урысейм и нэгъуэщI щIыпIэхэми щылажьэ тхылъ тедзапIэхэм я унафэщI, редактор 18-м.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхьэрым и цIэр абы тIэунейрэ къыщраIуащ. Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ федеральнэ IуэхущIапIэм и унафэщI Сеславинский Михаил Iэ зыщIидза ЩIыхь тхылъыр къыхуагъэфэщащ Котляровхэ Мариерэ Викторрэ. Дохъуэхъу ди хэкуэгъухэм дяпэкIи я лэжьыгъэм ехъулIэныгъэщIэхэр къыщахьыну.

● «Лъэпкъ кросс»

# Гупыж зыщI псори фрагъэблагъэ

**ФокIадэм и 27-м сыхьэти 10-м, Налшык къалэ ХьэтIохъущокъуэм и цIэр зэрихьэу иIэ жыг хадэм щекIуэкIынущ «Лъэпкъ кросс» зыфIащар. Къэжэным и урысейпсо махуэм иращIэкI Iуэхухэм ящыщу ар къызэрегъэпэщ Налшык къалэ администрацэм ФизкультурэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и управленэм.**

КЪЭЖЭНУ гупыж зыщI псори фрагъэблагъэ. Абы хэтынухэр ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм ит «Шей унэ цIыкIум», «Спартак» стадионым къыхуэплъэу щытым деж, пщэдджыжьыр сыхьэти 9-рэ дакъикъэ 30-м щызэхуэсынущ.

Зэхьэзэхуэм къыхэжанык Iхэм кубокхэр, медалхэмрэ щIыхь тхылъхэмрэ иратынущ.

● ФокIадэм и 27-р ГъэсакIуэм и махуэщ

# Егъэджэныгъэ политикэм и Iыхьэ ин

**Мы гъэм илъэс 11 мэхъури ди къэралым щагъэлъапIэ ГъэсакIуэмрэ школ кIуэгъуэ ныбжьым нэмысахэм ядэлажьэ IэщIагъэлIхэмрэ я махуэр. Къэрал зыужьыныгъэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ а IэнатIэм и щытыкIэм иджыри зэ гу лъозыгъатэ махуэшхуэр фокIадэм и 27-м щIытехуэм и щхьэусыгъуэр тхыдэм къыхощыж. Илъэси 150-рэ ипэкIэ, 1863 гъэм, егъэджакIуэ Симонович Аделаидэ Петербург япэ дыдэу къыщызэIуихауэ щытащ илъэси 3 - 8-хэм ит сабийхэм папщIэ гъэсапIэ. ЦIыкIухэр зэрыщаIыгъым, зэрыщагъэджэгум къыдэкIуэу, абыхэм ирагъащIэрт тхэкIэрэ бжэкIэрэ, дыкъэзыухъуреихь дунейм теухуа пэщIэдзэ щIэныгъэ иратырт.**

НОБЭРЕЙ гъэсапIэ IэнатIэхэм щызэфIах къалэнышхуэхэм къагъэлъагъуэ ахэр къэралым иригъэкIуэкI егъэджэныгъэ политикэм и зы Iыхьэшхуэ зэрыхъуар. Абыхэм я лэжьыгъэр хуэгъэпсащ махуэ къэс зызыхъуэж, зызыужь гъащIэм декIуфын, пэщIэдзэ щIэныгъэ, гупсысэ хэха, хьэл-щэн зэтет, я ныбжьым елъыта Iуэху еплъыкIэ зиIэ щIэблэ къэгъэхъуным. 2007 гъэм лажьэу щIэзыдза «Анэ мылъку» президентым программэм и IэужьыфIхэр нэрылъагъу хъуащ мы зэманым. Илъэс зыщыплI ипэкIэ зэпэубыда хъужу хуежьащ сабий садхэр, абыхэм кIуэну хуей псоми апхуэдэ Iэмал ямыIэу. Мы зэманым а Iуэхур йофIакIуэ. Къэралым хыхьэ субъектхэм федеральнэ бюджетым къыхэкIыу мылъку хуаутIыпщ, сабий садыщIэхэр яухуэн, щыIэхэр зэрагъэпэщыжын папщIэ. Республикэм и егъэджэныгъэ IэнатIэм къыпэщыт къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ илъэси 3 - 7 зи ныбжь сабий псоми садхэм кIуэну 2016 гъэм ирихьэлIэу Iэмал егъэгъуэтыныр. А Iуэхум епха программэ хэхам ипкъ иткIэ, иужьрей зэманым ди щIыналъэм щаухуащ сабий гъэсапIэщIэу 7. Абы и фIыгъэкIэ иджыри цIыкIу 1020-рэ сабий садхэм кIуащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым мы зэманым щолажьэ гъэсапIэ 232-рэ. Абыхэм щыIэщ гъэсакIуэ мини 4-м щIигъу. Къыхэгъэщыпхъэщ иужьрей илъэсхэм къриубыдэу гъэсакIуэхэм я улахуэм хэпщIыкIыу зэрыхэхъуари.

ГъэсакIуэм и махуэр Iэтауэ щагъэлъэпIэнущ ди щIыпIэм. Сабий садхэм щекIуэкIынущ махуэшхуэм теухуа гуфIэгъуэ зэIущIэхэр. Удз гъэгъахэри, саугъэт екIухэри, тыгъэ лъапIэхэри, гумрэ псэмрэ къабгъэдэкI хъуэхъухэри - псори а махуэм зылъысынур зи щIэныгъэри зэфIэкIри щIэблэр гъэсэным тезыухуа гъэсакIуэхэрщ. Сабийхэм хуаIэ лъагъуныгъэрэ гуапагъэкIэ гъэнщIа я дэтхэнэ махуэри абыхэм яхурырехъу пщIэрэ гулъытэрэ къахуэзыхьыжу.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ,**
*«Адыгэ псалъэ» газетым егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщI.*

# Дахагъэм и лъапсэ



Садым и гъэсакIуэ пашэхэм ящыщ КъалакIуэ Лизэ и гъэсэнхэм дерс ядрегъэкIуэкI.

**Лэскэн районым хыхьэ Анзорей къуажэм дэт сабий сад №2-р щыпIэм щынэхъыфI гъэсапIэхэм халъытэу йокIуэкI. Мы зэманым абы сабий 200 йокIуалIэ. ЦIыкIухэм я гупсысэм зегъэужьыным, пэщIэдзэ щIэныгъэ етыным, лъэпкъ гъэсэныгъэ екIу яхэлъхьэным хущIокъу IуэхущIапIэм щылажьэхэр. ЕхъулIэныгъэу зыIэрагъэхьэри, дауи, куэдкIэ зи фIыщIэр псэ хьэлэлу зи IэнатIэм пэрыт IэщIагъэлIхэрщ.**

«ГУПЫР зыгъэгупыр гуп и уасэщ», - жеIэ адыгэ псалъэжьым. Садым и лэжьакIуэхэр я пщэрылъхэм тегушхуэным, къыпэщыт къалэнхэр ныкъуэсаныгъэншэу зэрызэфIахыным, Iуэху зехьэкIэщIэхэр, иджырей гъэсэныгъэ методикэхэр къагъэсэбэпыным хуеунэтI гупым я унафэщI Тохъу Риммэ. Бзылъхугъэ щыпкъэр илъэс 30-м нэсауэ щолажьэ а сабий садым икIи, жыпIэнурамэ, а IуэхущIапIэм и гъуэгуанэр нэсу и нэгу щIэкIащ. А зэманым къриубыдэу IэнатIэм зэхъуэкIыныгъэ инхэр игъуэтащ. Къэхъуащ ар и Iуэху дэкIыу, ефIакIуэу щыщыта илъэсхэри, гугъуехьхэм щыхуэзаи, псом хуэмыдэу 90 гъэхэм. АрщхьэкIэ унафэщI щыпкъэм, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэм хузэфIэкIащ IуэхущIапIэр химыгъэкIуэдэжын, уеблэмэ ефIакIуэу, и Iуэху дэкIыу нобэрей зэманми абы и «лъэр» щигъэбыдэн. Сабий садыр дахагъэм, гуапагъэм, гъэсэныгъэм я лъапсэ нэху зэрищIыным дапщэщи йолIалIэ Риммэ.

ГъэсакIуэм, егъэджакIуэм я лэжьыгъэм жылагъуэм щиIэ мыхьэнэ иныр къагурыIуэу, абыкIэ жэуаплыныгъэри зыхащIэу я IэнатIэр ирахьэкI садым и лэжьакIуэхэм, зэфIах Iуэхугъуэхэм ящыщ дэтхэнэри лъэпкъ гъэсэныгъэм хуагъэпсу. Къэралым, республикэм щагъэлъапIэ махуэшхуэхэр гулъытэншэ щыхъуркъым садым. IуэхущIапIэр мэлажьэ «Къыщалъхуам къыщыщIэдзауэ школым нэсыху» егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ къэрал программэм тету, апхуэдэу абы щыIэщ программэм и лейуэ сабийхэм щIэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр щрагъэгъуэт гупжьейхэри. Садым иIэщ зыхуей псомкIи къызэгъэпэща спорт, макъамэ пэшхэр, музей цIыкIу, театр плIанэпэ, сабийм и къэухьымрэ гупсысэмрэ зезыгъэужь нэгъуэщI Iэмалхэри. ЦIыкIухэм я узыншагъэм щыкIэлъоплъ абы хуэщIа медицинэ пэшым, ахэр я нэIэм щIэтщ психологми логопедми. УнафэщIым зэрыжиIэмкIэ, псори зыхуэунэтIар школ кIуэгъуэ ныбжьым нэмысахэм сабиигъуэ хьэлэмэт, купщIафIэ яIэнырщ, ахэр къызыхуэтыншэу школым хуэгъэхьэзырынырщ.

Сабий садым и унафэщIхэр, гъэсакIуэхэр шэщIауэ ядолажьэ я гъэсэнхэми абыхэм я адэ-анэхэми. Ахэр Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм жыджэру къыхашэ. Садым зы махуэшхуи щекIуэкIыу къыщIэкIынкъым адэ-анэхэм ящыщ кърамыгъэблагъэу, ахэр я бынхэм яIэ хъуа зэфIэкIхэм кIэлъамыгъэплъу. Адэ-анэхэр ягъэгуфIэ икIи ягъэгушхуэ я бынхэм я IэкIэ ящIа сурэтхэмрэ нэгъуэщI хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэмрэ я гъэлъэгъуэныгъэ хьэлэмэтхэм.

Апхуэдэ лъэпкъ гъэсэныгъэ екIу щекIуэкI садыр щIыналъэм къыщызэрагъэпэщ зэпеуэхэм жыджэру хэтщ, япэ увыпIэхэри къыщехь. «Сабиигъуэм и дуней» апхуэдэ щIыпIэ зэпеуэм гъэ еджэгъуэ блэкIам пашэ щыхъуащ IуэхущIапIэм и гъэсакIуэ Iэзэхэу КъалакIуэ Лизэ, Тохъу Заремэ, Тэнащ Залинэ, Мэкъуо Раметэ сымэ. Абыхэм хуагъэфэщащ саугъэт лъапIэхэмрэ щIыхь тхылъхэмрэ. А гъэсакIуэфIхэм къакIэрымыхуу, сабий садым и цIэр фIыкIэ ягъэIурэ зи къалэнхэр дагъуэншэу зыгъэзащIэхэм ящыщщ Мэкъуо Мадинэ, Хьэмгъуокъухэ Жаннэрэ Эльмирэрэ, нэгъуэщIхэри. Методикэ и лъэныкъуэкIэ абыхэм я лэжьыгъэр еунэтI гъэсакIуэ нэхъыжь ТIэш Светланэ. Абы зэрыжиIэмкIэ, апхуэдэ лэжьакIуэфIхэм я фIыгъэ куэд хэлъщ цIыкIухэм садым гъэсэныгъэфI, щIэныгъэ куу зэрыщагъуэтым.

Езы садым и теплъэм теухуауэ къыжыIэпхъэщ, ар зэращIрэ куэд щIами, зыхуей хуэзэу зэрызэрахьэр. Абы къыхэкIыуи садым и унэр екIущ, и пэшхэр къабзэщ, нэхущ, хуитщ. Гъэ еджэгъуэщIэм еджапIэхэмрэ гъэсапIэхэмрэ зэрыхуэхьэзырыр къыщапщытэ мыгъэрей район зэпеуэм сабий садым япэ увыпIэр къыщихьащ.

Апхуэдиз ехъулIэныгъэр я фIыщIэщ зы унагъуэм хуэдэу зэдэлажьэ гупым, садым и унафэщIым. ЗэгурыIуэрэ зэдэIуэжу я къалэнхэр зыгъэзащIэ IэщIагъэлIхэм ГъэсакIуэм и махуэмкIэ дохъуэхъу. Лэжьыгъэм адэкIи ехъулIэныгъэ щаIэну, жылэр зэрыгушхуэн щIэблэ къащIэхъуэну ди гуапэщ.

**КЪАРДЭН Маритэ.**







# Лъэпкъым и гуфIэгъуэр зэдаIэт

**Адыгэхэм я махуэм хуэгъэза гуфIэгъуэ зэхыхьэ КъБКъУ-м иджыблагъэ щекIуэкIащ. ЕджапIэ нэхъыщхьэм и пщIантIэ хуитым щызэхаубла концертым къызэхуишэсат университетым и студентхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ. Апхуэдэу махуэшхуэм кърагъэблэгъат Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Х Конгрессым хэтыну Налшык къэкIуа хьэщIэ лъапIэхэр.**

КЪАФЭМРЭ уэрэдымрэ щызэхэухуэна программэм увыпIэ хэха щигъуэтат блэкIа зэманым адыгэхэм къагъэсэбэпу щыта Iэмэпсымэхэр щагъэлъагъуэ плIанэпэм. Махуэшхуэм къекIуэлIахэм Iэмал ягъуэтащ адыгэхэр зэрыгушхуэу щыта Iэщэ-фащэхэр зрагъэлъагъуну. Апхуэдэу, арджэнышI Iэзэ Мэзло Руслан и IэдакъэщIэкIхэр, Щокъарэ Дианэ упщIэм къыхищIыкIа хьэпшып хьэлэмэтхэр, университетым и ДПИ къудамэм и студентхэм я дыщэидэ мастер-классхэр щагъэлъэгъуащ хьэщIэхэм папщIэ.

ГуфIэгъуэ пшыхьым и къызэгъэпэщакIуэхэм IэкIуэлъакIуэу дэтхэнэ зыми я деж нагъэсащ адыгэхэм я махуэшхуэу илъэс ипэкIэ ягъэувам и мыхьэнэ нэхъыщхьэу ялъытэхэр: адыгэхэм я тхыдэм ириплъэжыныр, лъэпкъыр зэрыгушхуэу абы къыдэгъуэгурыкIуэ нэщэнэхэм иджырей щIалэгъуалэр дегъэхьэхыныр, нэгъуэщIхэри.

КъБКъУ-м и президент Къармырзэ Барэсбий зэрыжиIамкIэ, еджапIэм щIэс щIалэгъуалэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэнымкIэ, хэкупсэу гъэсэнымкIэ мы махуэшхуэм мыхьэнэ хэха иIэщ. Абы и щыхьэтщ университетым щеджэ щIалэгъуалэу лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ куэдым къахэкIахэр мы махуэм къызэрызэщIиубыдар.





Пасэрей хьэтхэм я къафэм и макъамэ гуакIуэмкIэ ирашэжьа программэм къызэхуэсахэр хишащ илъэс минхэр зи къатым щIэгъэпщкIухьа адыгэхэм я тхыдэжьым. Адыгэ лъэпкъ пщыкIутIым я дамыгъэу фащэ екIухэр зыщыгъ щIалэхэр утыкум къихьэурэ щхьэж и лъэпкъым теухуа хъыбар кIэщIхэр къаIуэта нэужь, Бемырзэ Мухьэдин и «Лъэпкъ анэ» усэм гукъинэу къеджащ филологие институтым и студент Джэду Сэкинат.

Къызэхуэсахэм ягу дыхьащ икIи Iэгуауэкlэ дaIыгъащ езыгъэкIуэкIым и псалъэхэр:

- Адыгэ лъэпкъым и нэгу щIэкIа лъэпкъкъутэ пащтыхь зауэжьми, ИстамбылакIуэми, Япэ дунейпсо зауэми, дунейр къэзыгъэукъубея революцэшхуэхэми, зэкъуэшхэм Iэщэ къыщызэхурахыжа лъэхъэнэ хьыжьэми, лъэпкъым илI хахуэу мин 60-м нэблагъэ щызэуа Хэку зауэшхуэ гуащIэми, - зы зэмани къэхъуакъым лъэпкъым и бынхэм я пщIэр къыщылъэхъша. Абыхэм сыт щыгъуи гъуазэу яIащ адыгэ щIыхьыр, хуарзэу ящхьэщытащ адыгэ бэракъыр.

Адыгэхэм я гуфIэгъуэ зэхыхьэхэм щыхабзэу зэрыщытам хуэдэу, фащэкIэ хуэпа щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ матэхэр, тепщэчышхуэхэр яIыгъыу адыгэ шхын гъуэщэхэр махуэшхуэм кърихьэлIахэм хуагуэшащ.

- Тхурехъу адыгэ лъэпкъым и махуэшхуэр махуэ! Ирегъагъэ ди Къэбэрдей-Балъкъэрыр! Иребыдэ лъэпкъхэр зэныбжьэгъуфIу щыпсэу Урысей Федерацэр! - хъуэхъумкIэ зэхуащIыжа махуэшхуэм и кIэухыу университетым и пщIантIэшхуэм щIалэгъуалэм щызэхаубла джэгум и макъамэр куэдрэ Iуащ мы пщыхьэщхьэм.

**ЩОДЖЭН Iэминат.**





Сурэтхэр *Къарей Элинэ трихащ.*



# ЩыIэнщ адыгэр

**Адыгэхэм я махуэр мы гъэм етIуанэу ягъэлъапIэу арами, абы мыхьэнэшхуэ зэриIэр къалъытащ лъэпкъ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэми езы цIыхубэми. Адыгэхэр Урысейм и щIыпIэ щхьэхуэхэм - Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгей, Къэрэшей-Шэрджэс, Осетие Ищхъэрэ-Алание республикэхэм, Краснодар, Ставрополь крайхэм - щопсэу. 2010 гъэм къызэрыхатхыкIамкIэ, псори зэхэту цIыху 718 727-рэ мэхъу. Абыхэми хамэ къэрал 40-м щIигъум щикъухьа ди лъэпкъэгъухэми иджы, фокIадэм и 20-м, зы Iуэху дахэ къаIэт, зыщыщыр ямыгъэгъуащэу я хабзэрэ щэнхабзэрэ ягъэлъапIэ.**

ГУФIЭГЪУЭ зэхыхьэхэм и пэ къихуэу Налшык щекIуэкIащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Х Конгрессыр. Тэрч щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и пресс-IуэхущIапIэм хъыбар къызэритамкIэ, а Iуэхум зригъэхьэлIащ мы зэманым щIыналъэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ Бэлэтокъуэ Владимири.

ФокIадэм и 19 - 20 махуэхэм Джылахъстэнейр къызэрымыкIуэу щIэращIэ хъуат. ЩIыналъэм и жылагъуэхэм Адыгэхэм я махуэр щаIэтырт. Урожайнэ, Курп Ипщэ, Дей, Арыкъ, Акъбащ Ипщэ, ХьэпцIей, Инарыкъуей, Белоглинскэ, Красноармейскэ къуажэхэм ЩэнхабзэмкIэ я унэхэм, библиотекэхэм щекIуэкIащ «Си адыгэ, фIыуэ узолъагъу!», «Адыгэ макъамэхэр» зыфIаща пшыхьхэр, «Ди бзэ, ди хабзэ, ди тхыдэ», «Дэ игъащIэми адыгэкIэ къыдоджэ», «Адыгэхэм ди тхыдэм щыщ» зэIущIэхэр, «Хэкур зыгъэлъапIэхэр» тхылъ гъэлъэгъуэныгъэхэр, къафэхэмкIэ «Адыгэ жьэгу» зи фIэщыгъэ зэпеуэр, нэгъуэщIхэри.

Налшык къалэ щыIэ Абхъазым и утыкум фокIадэм и 20-м махуэ псокIэ щызэхэта лъэпкъ пщIантIэхэм я гъэлъэгъуэныгъэми Тэрч щIыналъэм и шхыныгъуэхэмрэ хьэщIагъэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэр къыдихьэхащ.

Адыгэхэм я махуэм теухуауэ Джылахъстэнейм игъэхьэзыра Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр щекIуэкIащ Тэрч къалэм ЩэнхабзэмкIэ и паркым. Абы къыщызэрагъэпэщащ «Ди щIыналъэр зэрыгушхуэ цIыху зэчиифIэхэр» пшыхьыр. Махуэ дыгъэпсым уэру къыхыхьа тэрчдэсхэм гукъинэжу зыгъэпсэхугъуэ махуэр ягъэкIуащ, я гукъыдэжыр къаIэтащ Уэщро Альберт («Нарт щIыналъэ» уэрэдыр жиIащ), Шыдыгъу Хьэщауэ («ЩыIэнщ адыгэр»), Балъкъэр Идар («Адыгэ уафэ»), Къарэжь Элинэ («Адыгэхэм я хабзэр аращ»), Гуэщокъуэ Фаинэ («Си Кавказ») сымэ. ХьэтIэхъу Марианнэрэ Щоджэн Саидэрэ «Си Къэбэрдей» уэрэдыр зэдагъэзэщIащ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# Уэзырмэджхэ я тхыдэ кIэщI

**Уи ныбжьыр хэкIуэта нэужь укъызыхэкIа лъэпкъым и къежьапIэмрэ и къекIуэкIыкIамрэ зэбгъэщIэну уи мураду уи лъэм укърехуэкI. Апхуэдэм деж, ди жагъуэ зэрыхъущи, лъэпкъым и нэхъыжьыфIхэр уимыIэжу ущрихьэлIэр нэхъыбэщ.**



**Уэзырмэдж Сыхьэтджэрий.** *1941 гъэ*



**Уэзырмэдж Мухьэмэд.** *1975 гъэ*

УЭЗЫРМЭДЖ лъэпкъым и тхыдэр къэстIэщIын мурад сиIэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал архивым щIэлъ тхыгъэхэм 1999 гъэм сыхэплъащ, IуэрыIуатэу зэхэсхыжам еслъытыну, гъуэгу пэжым сытеувэнкIэ сыгугъэу. Уэзырмэджхэ куэд хъуркъым, ауэ лъэпкъыжьу ялъытэ, абыхэм ятеухуауэ тхыгъэхэм 1842 гъэм и пэкIэ зыри яхэзгъуэтакъым.

Сэ сыкъыщалъхуар Жэмтхьэлэ Ищхъэрэщ, 1842 гъэм Къуэжьокъуэ Мусэ (Къуэжьыкъуей) и къуажэкIэ еджэу, унагъуэу 39-рэ дэсу щытауэ. 1886 гъэм абы щыпсэуащ Уэзырмэдж Алий, и ныбжьыр илъэс 41-рэ хъууэ. Алий а зэманым къуиплIрэ - Бицу (1876 гъэм къалъхуащ), Исмел (1864 гъэ), Исхьэкъ (1886 гъэ), Индрис (1900 гъэ) сымэ - пхъуищрэ иIащ. Езы Алий къуэшищ иIащ: Джэду (1850 гъэ), Албэч (1858 гъэ), Жэндар (1867 гъэ), езыр еплIанэу. Уэзырмэдж Алий и унагъуэр псэуащ былым, шы, джэдкъазхэр я куэду. Къуажэм нэхъ хуэщIауэ щыпсэуа Щоджэн Берд, Абай Жанхъуэт, Къуэжьокъуэ Пщымахуэ сымэ Алий къакIэрымыхуу щытауэ къаIуэтэж къэдгъуэтыжа тхыгъэхэм.

Ди нэхъыжьыфIхэм ящыщу сэ си зэманым къэсауэ псэуар Уэзырмэдж Исхьэкъ Алий и къуэрщ. Абы къызжиIэжат 1920 гъэм контрреволюцэм тхьэмыщкIагъэу къытхуихьар зыхуэдизыр, си анэм и адэ Жангураз Мэхьмуд Ислъам и къуэм быних иIэу мылъкуншэу, псэуалъэншэу кадетхэм къызэрагъэнар.

1920 гъэм мэлыжьыхьым и 19-м къыщыщIэдзауэ накъыгъэм и 26 пщIондэ Жэмтхьэлэ къуажэм и ревкомым и нэхъыжь Джэш Зулкъарней тхыгъэкIэ зыхуагъазэ Налшык окружной ревкомым Совет властыр гъэувын щхьэкIэ Жэмтхьэлэ къуажэ щыщу хэкIуэдахэм я цIыху бжыгъэр, лей, тхьэмыщкIагъэ зылъысахэм, мылъкуншэу къагъэна унагъуэхэр (Архивым и №76-нэ фонд, 1-нэ тхыгъэ №2, 1920 гъэ) зэрыхъур къалъытэну. Иджы а архив тхыгъэм Уэзырмэдж Алий и бынхэм я унэцIэр ятхъуэж Иуанай жиIэу. ИужькIэ 1922 гъэм и мазае мазэм къыщыщIэдзауэ дыгъэгъазэм нэсыху Жэмтхьэлэ щыпсэуа унагъуэ 298-м налогыу мылъку зытынухэм я спискэр ягъэхьэзырат, къуажэ исполкомым и нэхъыщхьэ Жангураз Мэхьмудрэ абы и секретарь Шэшэн Тэубийрэ я Iэ щIэлъу. А тхыгъэм ипкъ иткIэ лъэпкъым 1920 гъэм къищта Иуанай унэцIэр 1922 гъэм УэзырмэджкIэ аргуэру яхъуэж. Лъэпкъым и унэцIэр ихъуэжыныр къызыхэкIар зыщIыпIи къыщыгъэлъэгъуакъым. Абы теухуауэ захуэзгъэзэну сыхуейт архивым щылажьэхэм, щIэныгъэлIхэм, а Iуэхур зэхэгъэкIынымкIэ сэбэп къытхуэхъуфыну дэтхэнэми.

Си анэшхуэ Уэзырмэдж КъанIэфI, Уэзырмэдж Бицу и щхьэгъусэр, илъэсищэм щIигъукIэ псэуащ, дунейм щехыжар 1965 гъэрщ. Абы къыджиIэу щытащ Иуанхэ, Иуанайхэ ди благъэ дыдэщ жиIэу. Абы щыгъуэ тIэкIу дыщIалэIуэти, Iэпэдэгъэлэл тщIыри дыщIэупщIакъым а лъэпкъитIыр хэт и лъэныкъуэкIи къыдгухьэми.

УхуакIуэхэр щагъэхьэзыр институтым сыщылажьэу сыхуэзауэ щытащ Уянаев Хаджи-Мурат БатIал и къуэм икIи абы къызжиIауэ щытащ дызэрызэблагъэр. Iуэху тщIыуэ, ди благъагъэр къыщежьар къэдмыщIэурэ ар дунейм ехыжащ.

1998 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр радиом къыщыпсалъэу седэIуащ Къардэн Жыраслъэн Къущхьэхэ я лъэпкъым тепсэлъыхьу икIи абы къыхигъэщауэ щытащ Уянаев Чомай БатIал и къуэм деж щыIэу лъэпкъищыр - Уэзырмэджхэ, Иуанхэ, Уянаевхэ - зэрызэпыщIар. Апхуэдэ дыдэу а лъэпкъищыр зэкъуэшищым къытекIауэ Зэрэгъыж къуажэ щыпсэу Иуан Мухьэмэд жиIэжу зэхэсхащ.

Къардэн Жыраслъэн и къэпсэлъэныгъэм иужькIэ етIуанэ махуэм радиом сыкIуэри а псалъэмакъыр трезгъэтхыкIыжащ. Абы щыгъуэ Жыраслъэн къызжиIауэ щытащ Атэбий Мыхьэмэт ЧыцIбатыр и къуэм и щхьэгъусэ Уэзырмэдж Хухуэ пхъур къелъэIуауэ и лъэпкъым теухуауэ тхыгъэ ягъэхьэзыру. Хухуэ псэужыркъым, лъэпкъ тхыгъэри хьэзыр хъуауэ тлъэгъуакъым.

Уэзырмэджхэ я лъэпкъым къикIуа гъуэгуанэм щыщу дызыщыгъуазэр аращ, тщIэн хуейуэ куэд къэнащ.

АдэкIэ сыхуейт лъэпкъым къыхэкIауэ, фин зауэм, Хэку зауэшхуэм хэтахэм ящыщ зыбжанэм сатепсэлъыхьыну.

Си адэ Сыхьэтджэрийрэ абы и къуэш нэхъыщIэ Мэтджэрийрэ Хэку зауэшхуэм ираджэри хэкIуэдащ. ЗэкъуэшитIми цIыкIуу бын щырыщ къащIэнат. Сэ ныбэм силъу сыкъанэри, ди адэр зауэм дэкIа нэужьщ дунейм сыкъыщытехьар. Си анэшхуэмрэ си анэмрэ дунейм ехыжыху зы махуэ къэмынэу ягъеящ ар икIи ежьащ, си адэм къигъэзэжыну щыгугъыу. Си анэм губгъуэ лэжьыгъэри унагъуэри зэдихьу, гугъуехь куэд псэкIи къарукIи игъэващ. А зэманым зауэм нэщхъеягъуэ къызыхуимыхьа унагъуэ щыIэу къыщIэкIынкъым. Дызыхуей дыхуимыгъэныкъуэу, тшхынрэ тщIэнрэ дгъуэту дыкъигъэтэджащ ди анэм. ПщIэ диIэми, цIыхугъэ тхэлъми зи фIыщIэр аращ. Ди адэм зауэм Iуту письмохэр къытхуигъэхьу щытащ, ауэ ди анэм нэмыцэхэр къуажэм къыдыхьэу хъыбарыр щызэхихым тхылъымпIэу диIэу хъуар игъэсат. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ди адэм и кIуэдыкIари, щаукIа щIыпIэри, щыщIалъхьари тщIэркъым, къэралри щыгъуазэкъым.

Хэку зауэшхуэм и мафIэм ихьахэм ящыщщ Уэзырмэдж Сулеймэн Албэч и къуэри. И быниплIыр къигъанэри, Сулеймэн зауэм дэкIын хуей хъуащ икIи лIыгъэ хэлъу, къимыкIуэту бийм пэщIэтащ ар. 1947 гъэм абы и унагъуэм къыIэрохьэ тхыгъэ кIэщI, Сулеймэн хъыбарыншэу кIуэдахэм зэрахэтыр иту. Ар зыцIыхуу щытахэм жаIэж Сулеймэн цIыхугъэшхуэ зэрыхэлъар. Нобэр къыздэсым ягъэхъыбар ар бланэу, выщIэ нэгъунэ къыхуэIэту, къаруушхуэ зэрыбгъэдэлъар.

Уэзырмэдж Къылышбий Исхьэкъ и къуэр советыдзэм къулыкъу щищIэну 1937 гъэм ираджащ. Абы щыIэу фин зауэр къохъей икIи 1939 гъэм и дыгъэгъазэ мазэу абы ираджэ. А зауэм уIэгъэ хьэлъэ щохъу. ИужькIэ тIэкIу нэхъыфI къэхъужа нэужь, унэм къаутIыпщыж. Къуажэм къигъэзэжа нэужьи, колхозым хэтащ, щытхъу къыхужаIэу лэжьащ, иужькIэ къуажэ депутату хахыжащ. Къылышбий еджэкIэ, тхэкIэ фIыуэ ищIэрт, Iуэху зехьэкIэми мэкъумэш лэжьыгъэми хуэIэзэт.

Уэзырмэдж Мухьэмэд Исмел и къуэр 1937 гъэм дзэм ираджэ къулыкъу щищIэну икIи 1940 гъэм и унэ къегъэзэж узыншэу, бэIутIэIуншэу. Куэд дэмыкIыу Хэку зауэшхуэр къохъейри абы ираджэ. Зауэр иухыху ар танкым и механик-водителу щытащ, зэрыса танкыр мафIэм мызэ-мытIэу исащ, езыри уIэгъэ хьэлъэ хъуащ. Абы и унафэщIыр мафIэм ису къригъэлащ. И къару емыблэжу зауэм щызэрихьа лIыгъэхэм папщIэ абы къыхуагъэфэщащ щытхъу тхылъхэр, «Хэку зауэ орденым и 2-нэ нагъыщэр» «Хахуагъэм папщIэ» дамыгъэхэр. Зауэм къыщикIыжам абы и тхьэкIумэхэм ныкъусаныгъэ иIэу къигъэзэжати, нэхъыфIу зэхозыгъэх Iэмэпсымэ къыхузэрагъэпэщат. Езы Мухьэмэд гушыIэрейти: «Сэ сызыхуейр яжызоIэ, сигу иримыхьыр зэхэсхкъыми, хуабжьу тыншу сопсэу», - жиIэурэ гушыIэрт. Унэм къигъэзэжа нэужь, Мухьэмэд колхозым хыхьащ, лэжьыгъэ зэхуэмыдэхэм пэрытащ. Ар лэжьащ гъавэ хъумапIэм и унафэщIу, электрикыу, унагъуэхэм псы яхущIэзышэ гупым яхэту. ИужькIэ къуажэ депутату хахащ. И ныбжьыр илъэс 86-рэ хъууэ 2002 гъэм Мухьэмэд дунейм ехыжащ.

**УЭЗЫРМЭДЖ Хьэчим.**



**Уэзырмэдж Къылышбийрэ и щхьэгъусэ Хужьпагуэрэ.** *1940 гъэ*




• Тхылъыщ1э

# «Хьэжы-Мурат» адыгэбзэкIэ къопсалъэ

**Тхак1уэ, лъахэхутэ Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапIэм иджыблагъэ япэу адыгэбзэкIэ къыщыдэкIащ урыс тхакIуэ цIэрыIуэ Толстой Лев и «Хьэжы-Мурат» повестыр. Мэзыхьэ Борис зэридзэкIауэ.**



БЗЭ зэмылIэужьыгъуэ куэдкIэ зэрадзэкIа «Хьэжы-Мурат» повестыр иджы япэу адыгэбзэкIэ дунейм къытехьащ. ТхакIуэ цIэрыIуэ Мэзыхьэ Борис нэхъапэIуэкIэ ди анэдэлъхубзэм къригъэзэгъащ Мэлбахъуэ Елбэрд, Вэрокъуэ Владимир сымэ я романхэр. Зи адыгэбзэр къабзэ, шэрыуэ, гурыIуэгъуафIэ зэдзэкIакIуэм мы лэжьыгъэри къехъулIащ.

Зи тхыгъэ купщIафIэхэмкIэ дуней псом къыщацIыху Толстой Лев Кавказым, бгырыс лъэпкъхэм, ди щIыналъэм щекIуэкIа илъэсищэ зауэм ятеухуа тхыгъэ зыбжанэ и къалэмыпэм къыщIэкIащ. «Хьэжы-Мурат» повесть цIэрыIуэми лъабжьэ хуэхъуар Кавказ зауэращ. Толстойм, цIыху щхьэхуэхэм я гъащIэм тетхыхьурэ, къигъэнэIуащ а лъыкIпсыкI зауэм бгырысхэми урыс мэкъумэшыщIэ къызэрыгуэкIхэми гуIэгъуэу, хэщIыныгъэу къахуихьар зыхуэдизыр, гущIэгъуншагъэу хэлъар. ТхакIуэм и щIалэгъуэу урысыдзэм къулыкъу щищIа гъэхэм бгырысхэр я лIыгъэкIэ къицIыхуащ.

Хьэжы-Мурат яукIыу лIэщIыгъуэ ныкъуэ дэкIыжа нэужьщ Толстойм мы повестыр щитхыжар, апхуэдэу щытми, ар нобэр къыздэсым щIэупщIэ зиIэ, иджырей зэманым пэджэж, тхылъеджэхэм зызыхуагъазэ тхыгъэщ.

Тхылъым и пэублэ псалъэм Мэзыхьэм мыпхуэдэу щетх: «Урыс тхакIуэшхуэм и повестыр дунейм къызэрытехьэрэ илъэсищэм щIигъуащ. Ауэ абы и мыхьэнэр, и купщIэр нобэ кIуэдакъым. Тхыдэр тхыдэщ, блэкIам къытегъэзэж иIэкъым, ар къыщIиптхыкIыжыни щыIэкъым. Ауэ зэман жыжьэм къэхъуа Iуэхугъуэ гуауэхэр дерс хъун хуейщ, Хьэжы-Мурат и гъащIэри и кIуэдыкIари абы яхэту. Аращ ар нобэрей тхылъеджэм и пащхьэ щIитлъхьэр».

**БЖЬЫХЬЭЛI Розэ.**

• ФокIадэм и 28-р Адыгэ фащэм и махуэщ

# Псоми ягу ирохь

**Адыгэ фащэм и махуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым гукъинэжу щагъэлъапIэ. Абы и пщIэр къаIэтыжу и тхыдэм теухуа зэхыхьэ гуапэхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр, пшыхьхэр, джэгухэр республикэм къыщызэрагъэпэщ. Модельер Сэралъп Мадинэ и Арт центрым дерс гъэщIэгъуэн щитащ адыгэ цIыхухъу фащэм и зэхэлъыкIэм, и къекIуэкIыкIам ехьэлIауэ.**

ДИ ЛЪЭПКЪЫМ и хъугъуэфIыгъуэхэм ящыщу къалъытэ адыгэ фащэр Кавказым ис лъэпкъ псоми, къэзакъхэри хыхьэу, ягу дыхьэу къызэдащтащ. Абы дрипэгэн, дригушхуэн хуейщ - ар и нэщэнэщ хэлъ дахагъэмрэ фIагъымрэ нэгъуэщI лъэпкъхэри къызэрыдихьэхам. Ди фащэр екIут, сыт и лъэныкъуэкIи тыншт икIи Iуэхугъуэ куэдым хуэщIат.

Лъэпкъым и зыхуэпэкIэр, и щэнхабзэр къэзыгъэлъагъуэ пкъыгъуэщ щыгъыныр. Абы кIэрылъ Iэмэпсымэхэм, ар зезыхьэм и зыIыгъыкIэм укIэлъыплъмэ, и дуней тетыкIэм, къызыхэкIам теухуа куэд «къыбжаIэ». Пасэрей сурэтхэр къигъэсэбэпурэ, Сэралъпым зэхыхьэм кърихьэлIахэр хигъэгъуэзащ лIэщIыгъуэ зыбжанэкIэ узэIэбэкIыжмэ, адыгэ цIыхухъухэм зэрахьэу щыта фащэр зыхуэдам, абы и зэхэлъыкIэу, ахэр зэраду щытам. ЦIыхухъу щыгъыным хыхьэрт щIагъщIэлъ, цей, къэптал, джанэ, гъуэншэдж, бгырыпх, хъурыфэ е упщIэ пыIэ, лъей, лъахъстэн вакъэ е шырыкъу лъапщэ кIыхьхэр (щIымахуэм - упщIэ лъей, афэ вакъэ). Лъейхэр е лъапэ фIэту ящIырт, е лъэгупскIэ ирагъэубыдырт, къыдэмыкIуеин щхьэкIэ. ЩIымахуэ щыгъыну цIыхухъухэм хуадырт джэдыгу зэмылIэужьыгъуэхэр: тенджэдыгу, дыгъужьыфэ джэдыгу, джэдыгу бгы-лалэ (тулуп). ЦIыхухъу фащэм тхыпхъэ ирахьэлIэртэкъым, IэщхьэхэруагъэкIэ къадыхьырт армыхъумэ. ГъущIыкIэхэм къыхэщIыкIа щIыIухэр адыгэ цIыхухъухэм ядэртэкъым, дыгъэм е мазэм пэлыдмэ, нэщанэ зэрыхъум папщIэ. ГъущIыкIэм къыхэщIыкIа щIыIу цIыхухъум хурадэн хуей хъуми, ар щэкIкIэ къадыхьыжырт е IуданэкIэ къаухыыжырт.

Модельерым нэхъыщхьэу гу зылъитарагъа фащэм зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэр химылъхьэу нобэ къигъэсауэ е ихъумэфауэ. Ар зыми хузэфIэмыкIын Iуэхущ. Ди адыгэ лъэпкъми зызэрихъуэкI, зэманым декIуу зихъуэж зэпыту (и фащэкIэ, псэукIэкIэ) и тхыдэ кIыхьыр къикIуащ.

- ЦIыхухъу фащэм дапхуэдизу «зедмыгъэхъуэжми», абы и теплъэм зэхъуэкIыныгъэ еттыну дыхуиткъым. Къапщтэмэ, пыIэм мыхьэнэшхуэ иIэт. Ар зыхуэдэм елъытат цIыхур къызызыхэкIа лIакъуэр. Адыгэ цIыхухъу пыIэми куэдкIэ зихъуэжащ. Щхьэрыхъуэн хуэдэуи тюбетейкэ хуэдэуи щыIащ, таж щIыкIэуи ящIырт, упщIэ пыIэхэри ядырт нэзыншэуи нэзышхуэ иIэуи. ЩыIащ уэркъ хъурыфэ пыIэ лъагэри, пыIэ купсэ кIыхьри (фэху пыIэ). Пасэм адыгэ цIыхухъу фащэр зыщызытIагъэхэм я пщIэм хуэфэщэн зыIыгъыкIэ екIуи ядэплъагъуртт. Ди анэшхуэхэм я Iэдакъэ къыщIэкIа фащэхэмрэ дэ иджыпсту ддыхэмрэ куэдкIэ зэкIуалIэркъым, зэбгъэпщэххи хъунукъым. Аргъуейм «довэ» жыхуиIам хуэдэщ дэ нобэ тхузэфIэкIыр. Къыхэзгъэщыну сызыхуейращи, ди нэхъыжьыфIхэм фащэм мыхьэнэшхуэ иратыу щытащ. Ар я гъащIэт, я гупсысэт, зэманышхуэ трагъэкIуадэрт. Дэ фащэм етт мыхьэнэр нэгъуэщIщ, - жиIащ Сэралъпым.

Нобэ нэхъыбэу щатIагъэ «стилизованнэ» фащэхэми тепсэлъыхьащ Мадинэ. Абы зэрыжиIамкIэ, ахэри бдыну тыншкъым, сыту жыпIэмэ, иджыпсту мыхьэнэ куэд «декорым» - бостейр гъэдэхэным, гъэщIэрэщIэным - ират. УэрэджыIакIуэ Нэхущ Чэрим утыку иритыну хуида «стилизованнэ» адыгэ фащэхэри игъэлъэгъуащ. Пасэрей адыгэ фащэхэм ар къащхьэщыкIми, нэр егъэгуфIэ, лъэпкъ гупсысэ хэлъщ. Дэрбзэр IэкIуэлъакIуэм къызэрыхигъэщамкIэ, языныкъуэ модельерхэм ирагъэлей, цIыхубз фащэм цIуугъэнэ куэд кIэралъхьэ. Дауи, абы бостейм нэхъ пудыфэ къытрегъауэ. Ди лъэпкъыр и дуней тетыкIэкIэ зэпIэзэрыту, «щыкIа» псалъэм и мыхьэнэм пэIэщIэу къэгъуэгурыкIуащ. Зэманыр кIуэхукIэ, цIыхум и гупсысэм зэхъуэкIыныгъэ егъуэт, нэгъуэщI Iуэху еплъыкIэхэр иIэ мэхъу.

- Ди щIэблэр «стилизованнэ» фащэхэм нэхъ дахьэх, пасэрейм нэхърэ. Псалъэм папщIэ, хьэгъуэлIыгъуэ, гуфIэгъуэ щхьэкIэ фащэ къыщащтэм деж, щIалэгъуалэр зэплъыр зи теплъэр нэхъ гъэщIэрэщIахэрщ, мы зэманым къидгъэзэгъахэрщ. Иджыпсту ахэр доплъей европей модэм. ЦIыхум фIэфIыр къещтэ. Абы къикIыркъым щIалэгъуалэм ди пасэрей хабзэхэм, хъугъуэфIыгъуэхэм пщIэ хуамыщIу. Ди блэкIам фIыуэ хэзыщIыкI щIэблэ дахэ диIэщ. Фащэм и «пкъым» уеплъмэ, пасэм ар къызыхащIыкIыу щыта щэкIхэр мыхьэнэншэт, куэд я уасэу щытауи гу лъыптэркъым. ЗэрытщIэщи, щэкI нэхъыфI куэд нобэ щыIэщ, я щIыкIэкIэ мыIейуэ фащэхэри къыщIыдогъэкI. Ауэ ахэр IэкIэ дакъым, машинэкIэ ящIащ, - жеIэ Сэралъп Мадинэ.



**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**
*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

• Лъэпкъ шхыныгъуэ

## Тэрхьэлыуэ

Хъарбыз фор шыуаным е кIэструлым иракIэ, абы шатэ хакIэ, зэIащIэурэ зэ къытрагъэкъуалъэри, дакъикъи 5 - 6-кIэ ягъавэ. ИтIанэ тхъу, фошыгъу халъхьэри, зэIащIэурэ дакъикъи 2 - 3-кIэ мафIэм трагъэт. ИужькIэ фор бэлагъкIэ зэIащIэурэ гуэдз хьэжыгъэ хаудэри, мафIэ цIыкIум тету дакъикъэ 30 - 35-кIэ ягъажьэ.

Тэрхьэлыуэр жьамэ, шыуанми бэлагъми къыкIэрощэт. Ар хьэзыр хъуа иужь, Iэнэм тхъу тIэкIу щахуэри, тэрхьэлыуэр абы траубэ, и Iувагъыр см 2 хъууэ. МыупщIыIупэ щIыкIэ сэкIэ зэпаупщI, и бгъуагъыр см 2, и кIыхьагъыр см 3 хъууэ. ЩIыIэуи хуабэуи яшх. Нэхъ декIур шхурэ шэрэщ.

Хуабжьу къэуатщ, сабийхэм яфIэфIщ. Тэрхьэлыуэр дэ хуэдизу хъурей цIыкIуурэ ящIу ягъэтIылъ хъунущ, ауэ абы щыгъуэ зэрагъэжьэн хуейр дакъикъэ 20 - 25-кIэщ.

***Халъхьэхэр:*** хъарбыз фоуэ - г 100, шатэу - г 150-рэ, тхъууэ - г 25-рэ, фошыгъуу - г 25-рэ, гуэдз хьэжыгъэу - г 150-рэ.

***«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.***

• ГушыIэ

## Узубакъым

Гъэмахуэ пщыхьэщхьэ гуэрым зэIущIэ екIуэкIыну колхозхэтхэр зэхуэсат. Абдежым бригадирым и благъэ Хьэжнэгъуей хуабжьу кърикъухьащ: хуэмыхущ, щхьэхынэщ, махуэ лэжьыгъэр хуэгъэзащIэркъым, зыхэтым къакIэроху, жыIэмыдаIуэщ, нэгъуэщI куэди хужиIащ.

ЗэIущIэ нэужьым Хьэжнэгъуей бригадирым зыхуигъазэри, и жагъуэ зэрыхъуар кърегъэщIащ:

- Нобэ щыщIэдзауэ дызэбийщ. Дызэблагъэми, си гупэ уи дежкIэ нэзгъэзэнкъым. Апхуэдизу сумыубамэ, хъунтэкъэ?! - жиIэри.

- Сэ узубакъым, уи ныкъусаныгъэхэм сытепсэлъыхьауэ аркъудейщ, - жиIэри, бригадирыр ежьэжащ.

**ПЩЫБИЙ СултIан.**

• Псалъэжьхэр

## Напэм техуэр жьэм жеIэф

- Жыгым и пщIащэр и фащэщ.
- ЗэдэмыпсэуитI зэнтIэIуркъым.
- Къанжэр и бзэ токIуадэ.
- Къапхъэнми имыгъапцIэ иубыдыркъым.
- Напэм техуэр жьэм жеIэф.
- Нэгур гум и гъуджэщ.
- Псым хэхуа гъущэу къыхэкIыжыркъым.
- ПцIы упсыным есар укIытэжыркъым.

# Псалъэзэблэдз



***ЕкIуэкIыу:*** **5**. Бзу ... **6**. Хьэкъущыкъум щыщ, пхъэм къыхэщIыкIауэ. **9**. Пщэ гъум. **10**. Къуажэм и зы Iыхьэ, хьэблэ зыбжанэ хъууэ. **11**. ХадэхэкIыр Iисраф зыщI дзыгъуэшхуэ. **13**. ... ныкъуэрэ зэрыщIэркъым. **15**. Азием щыIэ муслъымэн къэралышхуэ, я Iэтащхьэр абы я президентым нэхърэ нэхъыщхьэу. **17**. Выр зэрыщIащIэ пхъэ. **19**. Унэ кIуэцIыр щызэрахьэкIэ къагъэсэбэп ткIуаткIуэ. **21**. Ахъшэ жьгъей. **23**. Нышым щыщ Iыхьэ, нэчыхьытх Iэнэм Iыхьищу щагуэшу. **24**. ПсынщIэу ежэх псы. **25**. Аруан щIыналъэм щыщ къуажэ. **26**. Сымаджэм и ... макъ къэIуащ. **28**. КIуэ пэтми, бжьиз зымыкIу. **29**. Лъапэ зыпымыт цIыхухъу щыгъын, ди зэманым щIагъуэу зэрамыхьэжу. **31**. Бэракъ цIыкIу. **32**. Тонн зыплIытху зи хьэлъагъ псэущхьэ. **33**. Диным зэрыжиIэмкIэ, дунейм ехыжа цIыхум и псэр здэкIуэ щIыпIэ. **35**. ЦIыхубзхэм зыкIэралъхьэ гъущIыкIэ цIыкIу. **36**. ГъэшхэкI. **38**. Языныкъуэ адыгэхэр пхъэIэпэм зэреджэ нэгъуэщIыцIэ. **42**. Школым щадж предмет. **43**. Ди гъунэгъум шы ... иIэщ. **44**. Адыгэ уэрэджыIакIуэ, Урысей Федерацэм и цIыхубэ артист (и цIэр).

***Къехыу:*** **1**. ... и къуэ нарт лIыхъужь Щэуей. **2**. Сауд Хьэрыпым, Мэчэ къалэм, кIуэуэ къэкIуэжа цIыху. **3**. Хъарбыз ... **4**. Швейцарием и къалащхьэ. **6**. Бгыпэ, нэпкъ. **7**. Узыдэмыхьэ къуэладжэ ... дэзщ. **8**. ... гъэхъуж. **12**. ...-хъати симыIэу, ди унафэщIыр къысфIэнащ. **14**. Iэпхъуамбапщэм и кIыхьагъым хуэдиз хъу щапхъэ. **16**. IэмыкIуэлъэмыкIуэ. **18**. Бзылъхугъэ ныбжьыщIэ. **20**. ЩэкI хужь пIащIэ. **21**. ЗыщатхьэщIкIэ къагъэсэбэп хабзэщ. **22**. Адыгэ псалъэжьым зэрыжиIэмкIэ, блэ зэуар абы щощтэ. **27**. ЗаконымкIэ ар птынуи къеIыпхынуи ухуиткъым, къулыкъушхуэ зыIыгъ, мылъкукIэ иримыкъу зыкъомым ягъэзащIэркъым армыхъумэ. **28**. Зи ... исым и уэрэд жеIэ. **30**. Мыщэм фIэбэлацэ хьэкIэкхъуэкIэ. **34**. Псыми щIылъэми щыпсэуф псэущхьэ. **35**. Къэралым, республикэм и блэкIа зэман. **36**. КIыщокъуэ Алим фIыуэ илъагъуу щыта, зытеусыхьа пхъэщхьэмыщхьэ жыг. **37**. Нартхэм я гъукIэ. **39**. Зи нэхэр зэблэплъ. **40**. Машинэм, шыгум, лъакъуэрыгъажэм я зы Iыхьэ. **41**. ... вы бжьакъуэм къокI.

*Зэхэзылъхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ.**

***ФокIадэм и 12-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **5**. Гъусэ. **6**. Брежнев. **7**. Мыл. **10**. Iэщэ. **11**. Собэ. **12**. Афэ. **13**. Хур. **14**. Ерэн. **15**. Щынэ. **16**. Шху. **17**. Шапсыгъ. **19**. КIэпхын. **22**. Къуэш. **23**. Пщы. **24**. Гъэр. **27**. Сэдэкъэ. **28**. КIэмажьэ. **29**. Кхъухь. **30**. Хьэлъкъ. **32**. Хьэрш. **34**. ЦIэ. **35**. Ажэ. **36**. Лъэужь. **37**. Блэр. **38**. Шхуэ. **39**. Щхьэлыкъуэ. **40**. АкIэ.

***Къехыу:*** **1**. ПсыIэрышэ. **2**. ШейтIан. **3**. Унэкъуэщ. **4**. ШыкIэпшынэ. **8**. Пщае. **9**. Болэ. **18**. Сэшхуэ. **20**. Пэгъым. **21**. Гъущэ. **25**. Псыхьэлъахуэ. **26**. ХьэмцIыракIэ. **30**. ХьэукI. **31**. Къанкъуэщ. **32**. Хьэкъущыкъу. **33**. Шылэ.

• Сабийхэм папщIэ

### Адыгэбзэ

Мамэ хьэрфхэр сегъэцIыху,
Хьэрфхэр гукIэ зызогъащIэ.
Бзэм и IэфIыр уцIыкIуху,
Папэ жеIэ, зыхэгъапщIэ.
Уи бзэр пщIэну ар мыхьэлъэ,
Лъэпкъым бзэр и лъабжьэщ...
АдыгэбзэкIэ сопсалъэ,
Адыгэбзэр - си бзэщ.

### Лэгъупыкъу

Зэмыфэгъуу шар Iэджэжь
Дадэ нобэ къытхуихьащ.
Кхъуэщыныфэ, щIыху, плъыжь,
гъуэжь...
Мэдэ хужьыр къыхихащ.
Дыгъэм хуэдэу хъуреишхуэу,
Руслан гъуэжьыр игъэпщащ.
Ди джабэжьым ещхьыркъабзэу,
Шар удзыфэр сэ къэсщтащ.
Данэ цIыкIуи къекIуэкIати,
Нанэ щIыхур иритащ.
Шархэр дгъэпщри дутIыпщати,
Лэгъупыкъуу къыщIэкIащ.

### Бжьыхьэ

Къиштауэ бжьыхьэм
къэрэндащ,
ЩIылъэр елэ зэмыфэгъуу.
Пшэ Iувым дыгъэр хэкIуэдащ,
ХэплъагъукI къудейщ ерагъыу.
ЩIыIэ хъуащ дунейри къапщIэу,
Апхуэдэу дыгъэр мыгуащIэж.

Махуэм кIэрыхуащ тIэкIу
мащIэу,
ЗыщIыпIи пшэжьхэр мыпIэщIэж.
Итыжкъым цIыкIухэр къалэ
хадэм,
ЗэрыгъэкIийуэ къамыжыхьыж.
Уэшхыпсым жэкIэ хэмылъадэ,
Хъыринэ нэщIхэм макъи
ямыщIыж...
Ауэ сощIэ, бжьыхьэм щэхуу,
Къэрэндащ гъуэжьыр
къигъэнащ.
Иужьк1э дыгъэр гупсэхуу
Илъну гъэмахуэм иритащ.

### ДжэдыкIэнэкъиж

Абгъуэрынэу зы джэдыкIэ,
Нанэ абгъуэм кърина т.
Джэдуужьым илъэгъуати,
Идыгъуну игугъат.
АрщхьэкIэ
Нау бзаджэжьым,
КъемыхъулIэ и мурад.
ПсынщIэу щIопкIэри
джэдэщым,
ДжэдыкIэр къещтэ ди Мурат.
Мамэ хуехь джэдыкIэр жэкIэ,
ДжэдыкIэнэкъиж ирегъэщI.
Джэдум игъэджэгуу и кIэр,
И Iыхьэм хуэмурэ хегъэщI.

### Лацэ

КIэпхъ кIэ бацэ,
КIэпхъ кIэ кIыхь.



Къок1уэ Лацэ,
КъыумыпкIыхь.
Дэ къэщыпи,
Уи гъуэм хьыж.
Армырамэ,
УхокIыж.
Дэ ди Лацэ,
Дэ ифIэфIщ.
Мэ, кIэ бацэ,
Дэ ди хуэфIщ!

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд
Редколлегием хэтхэр
Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.



Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
Къыдэзыгъэк1хэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ:* жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору ЩхьэщэмыщI Изэ, корректорхэу Щоджэн Иннэ *(1, 2-нэ нап.),* Щоджэн Заирэ *(3, 4-нэ нап.).* Корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Елмэс ФатIимэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, БищIо Оксанэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Къарей Элинэщ.
Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 • Тираж 3.167 • Заказ №1619